**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ БЕРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

Магистратура бөлими

# Оразов Әдилбектиң

**Қарақалпақстан баспасөзинде көркем пулицистикалық жанрлар («Еркин Қарақалпақстан» газетасы материаллары мысалында 2006-2009жж)атамасындағы**

5А 320101 Журналистика (хызмет түрлери) қәнигелиги бойынша магистрлик дәрежесин алыў ушын усынылған

# Д И С С Е Р Т А Ц И Я С Ы

Магистрлик диссертациясы журналистика кафедрасында көрип шығылды ҳәм қорғаўға усынылды

Кафедра баслығы:_________
Тарийх илимлериниң кандидаты
Д.Бекбаўлиев.
«___» «____» 2011 ж.

Илимий басшы: _______
Филология илимлериниң
кандидаты З.Қожықбаева

Нөкис – 2011 жыл

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ БЕРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**МАГИСТРАТУРА БӨЛИМИ**

**Журналистика (хызмет түрлери) қәнигелиги**

**Мәмлекетлик аттестация комиссиясының қарары:**

# Оразов Әдилбектиң

**Қарақалпақстан баспасөзинде көркем пулицистикалық жанрлар («Еркин Қарақалпақстан» газетасы материаллары мысалында 2006-2009 жж) атамасындағы**

**МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯ ЖУМЫСЫНА**

«___» баҳасы қойылсын.

МАК баслығы: _______________

МАК ағзалары: _______________

_______________

_______________

_______________

# МАЗМУНЫ

**Жумыстың улыўма сыпатламасы**……………………………………

**I Бап. Қарақалпақстан баспасөзинде көркем-публицистикалық жанрлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы**……………………………..

1.1. Сүўретлеме жанрының изертлениўи ҳәм қәлиплесиў тарийхы…

1.2. Очерк – қарақалпақ баспа сөзинде оператив жанр......................

**II Бап. Сатиралық публицистика ҳәм оның баспасөздеги орны**…………………………………………………………………

2.1. Сатиралық публицистиканың өзгешелиги………………………

2.2. Фельетон ҳәм памфлет жанрларының жәмийетлик турмысқа тәсири...............................................................................................

**III Бап. «Еркин Қарақалпақстан» газетасында көркем-публицистикалық жанрлардың тематикасы ҳәм проблематикасы**……

3.1. Сүўретлемелердеги тематикалық ҳәм көркемлик изленислер…...

3.2. Очерклердиң тематикасы ҳәм шеберлик мәселеси……………………

3.3. Сатиралық публицистиканың газетадағы орны ҳәм әҳмийети……

**Жуўмақлаў**………………………………………………………………

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими**…………………………………………

## Жумыстың улыўма сыпатламасы

Илимий жумыстың актуаллығы. Ҳәр қандай жәмийеттиң раўажланыў басқышларын сәўлелендириўде ғалаба хабар қураллары тийкарғы хызметти атқарады. Бул процесс Өзбекстан өз ғәрезсизлигин алғаннан бизиң мәмлекетимизде де көрине баслады.

«Бүгин Өзбекстанда басқарыў либералластырыў мәмлекет ҳәм жәмийетти модернизациялаў, экономиканы еркинлестириў, әдалатлы, пуқаралық жәмийеттиң раўажланыў процессиниң еңгизилиўи менен ғалаба хабар қураллары хызметине жаңаша көз-қарасы қатнас жасаўды пуқаралық жәмийеттиң ең әҳмийетли институтларынан бири болған ғалаба хабар қуралларының хызметин еркинлестириў мәселелерине айрықша итибар бериўди талап етеди».[1]

Ҳәр қандай жәмийетте информация бәрқулла мәмлекет раўажландырыўының айнасы, адамлардың санасы, дүнья қарасы, сиясий дәрежесиниң қәлиплесиўинде тийкарғы қурал болып хызмет етип келген. Бул жағдай, әсиресе, жылдырымдай өзгерип баратырған бүгинги глобалласыў заманында ҳәр қашанғыдан гөри тез раўажланбақта. Сонлықтан бүгинги күнде өмиримиздиң ҳәр бир тараўын ғалаба хабар қуралларысыз көз алдымызға келтирип болмайды.

Әсиресе, баспасөз шын мәнисинде халықлық минберге айланды. Республикалық «Еркин Қарақалпақстан» газетасы сөз ҳәм баспасөз еркинлиги, оның кең әшкаралығы, реформалардың ашықлығын тәмийинлейтуғын демократиялық принциплерди өмирге еңгизиў имканиятын берди.

---

[1] Каримов И. Елимизде демократиялық реформаларды буннан былайда тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийеттң раўажландырыў концепциясы // Президентимиздиң Өзбекстан Республикасы Олий мәжилиси Нызамшылық палатасы ҳәм сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. 12-ноябрь 2010-жыл.

Газета тематикалық, жанрлық жақтан жетилисти. Бул табысларға ерисиў қәнигели кадрларды таңлап алыў ҳәм тәрбиялаў арқалы қолға киргизилди. Публицистика жанрлары арасында көркем публицистикалық жанрлар ең қураллы жанрлар болып, олар газетаның әдебий-көркемлик дәрежесин көтериўге хызмет етеди.

Бизиң магистрлик диссертация жумысымызда «Еркин Қарақалпақстан» газетасындағы көркем публицистикалық жанрлар үйрениледи. Бизден алдын да бул мәселе питкериў қәнигелик жумысларында жазылғаны белгили. Сонлықтан, биздәўирлерди шеклеп, 2007-2010-жыллардағы «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жарық көрген көркем публицистикалық жанрларды үйрениўди мақсет еттик. Өйткени, усы дәўирде жанрдың раўажланыў дәрежеси көринеди ҳәм газетада бир қанша очеркшилер, фельетоншылар өсип жетилисти. Сонлықтан, Қарақалпақстанлы журналистлердиң дөретиўшилигин үйрениў ўақты келип жетти.

## Проблеманың изертлениў дәрежеси

XXI әсир журналистикасы өзиниң жаңашаллығы менен алдыңғы дәўирлерден айрықшаланады. Жаңа информациялық технологиялардың турмысқа енгизилиўи журналистикада жаңалық болыў менен бирге, оның мазмун және жағынан өзгериўине де жол ашып берди. Жаңа жанрлар, формалар пайда болды. Ең баслысы журналистикада қәнигелесиў процесси басланды. Көркем публицистикалық жанрлар бойынша рус тилинде бир неше илимий мийнетлер жазылды.[2]

---

[2] Ворошилов В.В. Журналистика. Учебник Спб. 1999, Горохов В.М. Основы журналистского мастерства. М., «Высшая школа», 1989; Тертычный А.А. Аналитическая журналистика М. Пресс. 1998. Черепахов М.В. Вопросы публицистики. М., «Мысль» М, 1997.

Магистрлик жумысымызда Өзбекстанлы илимпазлардың илимий мийнетлеринен,[3] сондай-ақ Қарақалпақстанлы илимпазлар тәрепинен жаратылған мийнетлерден пайдаландық.[4]

## Илимий жумыстың методикалық ҳәм теориялық базасы

Таңланған теманы үйрениўде Өзбекстан Президенти И.А.Каримовтың мийнетлери[5] жақыннан жәрдем болды. Сондай-ақ публицистика тараўында илимий изертлеў жумысларын жүргизиўде журналистика теориясы бойынша илимпазлардың мийнетлерине сүйендик.[6] Биз олардың илимий мийнетлериндеги пикир жуўмақларын итибарға алдық.

## Илимий жумыстың объекти ҳәм предмети

Жумыстың объекти етип 2006-2010-жыллардағы «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, материаллары, ал предмети етип газетадағы көркем публицистикалық жанрлар сүўретлеме, очерк, фельетонлар алып есапланады.

Жумыстың илимий ҳәм әмелий әҳмийети. Бул илимий жумыс ҳәзирги қарақалпақ журналистикасы илиминде көркем публицистикалық жанрлардың спецификалық өзгешелигин дурыс

---

[3] Муҳаммеджанов Н. Публицистика жанрлари. Т.: 1978, Тоғаев О. Публицистика жанрлари. Т.: Ўқитувчи. 1976, Тоғаев О. Ибратли сабоқлар. Т.: Ўқитувчи. 1987. Ҳамдамов Ю. Замон ва мезон Т.: Ўзбекистон. 1991.

[4] Нурмуҳаммедов М.К. Шығармалары. II том. Н, «Қарақалпақстан» 1985, Турсынова Г. Жаўынгер жанр имканиятлары. 1972, Қожықбаева З. Очерклерде морал темасы // Толғаныслар. Нөкис 1997. Қарақалпақ публицистикасында суд очерклери. Нөкис, Қарақалпақстан, 2009. Қанаатов Е. Мийнет адамының портретин жасаўда шеберлик // Журналистика ва адабиёт. Тошкент. 2008.

[5] Каримов И. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т,: Ўзбекистон, 1996; Ўзбекистонда демократик ўзгаришларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти асосларини шакллантиришнинг асосий йўналишлари. Т.: Ўзбекистон, 2002; Ватан равнақи учун ҳар биримиз маъсулмиз. Т.; Ўзбекистон, 2001, 9-том; Юксак маънавият – енгилмас куч. Т. Маънавият. 2008. Енг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатлигини акс эттириш. Т. Ўзбекистон. 2007.

[6] Ворошилов В.В. Журналистика. Учебник. СПБ. Изд. Михайлова. 1999, Горохов В.М. Основы журналисткого мастерства. М., Маматова Я.М., Коробкин Д.Ф. Труд журналиста: профессионализм, творчество, мастерство. Т.: 2002, Ҳамдамов Ю. Замон ва мезон. Т.: Ўзбекистон. 1991. Уснатдинов Ш. Журналистикаға кирисиў. Н., «Қарақалпақстан» 2008.

аңлаўда, заманагөй журналистика бойынша бослықты толтырыўда әҳмийетке ийе.

## Жумыстың нәтийжелеринен:

- Ҳәзирги қарақалпақ баспасөзине арналған илимий мийнетлерде қосымша дерек сыпатында;

- Жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында журналистика қәнигелигинде оқып атырған студентлерге баспасөз тарийхы ҳәм журналистика теориясын үйренгенде ҳәм усы бағдарда илимий жумыслар алып барғанда, жаңа сабақлық ҳәм қолланбалар таярлаўда;

- университет студентлери ушын арнаўлы курслар оқытыўда, арнаўлы семинар жумысларын өткизиўде пайдаланыў мүмкин;

- қарақалпақ журналистикасы тарийхын жазыўда;

- Жоқары оқыў орынларында питкериў қәнигелик жумысларын ҳәм магистрлик диссертация жумысларын жазыўда қолланба етип пайдаланыў мүмкин.

## Илимий жумыстың структурасы

Жумыстың темасы, оның мақсети ҳәм ўазыйпалары оның қурылысын пайда етеди. Ол кирисиўден, еки баптан, жуўмақтан, пайдаланған әдебиятлар дизиминен ибарат.

Кирисиўде теманың актуаллығы, илимий жаңалығы, әмелий әҳмийети, педагогикалық, теориялық базалары, проблеманың изертлениў дәрежеси, белгиленген объект, предмет ҳәм мақсет, ўазыйпаларға тоқталып өтилди.

# I Бап. Қарақалпақстан баспасөзинде көркем-публицистикалық жанрлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы

## 1.1. Сүўретлеме жанрының изертлениўи ҳәм қәлиплесиў тарийхы

Жәмийетимиздиң раўажланыўы менен қарақалпақ әдебияты менен қоса, журналистикас да раўажланады. Ол жанрлық жақтан байыды. Кеңейип, түрлери көбейеди. Өз нәўбетинде бул көбейиў ҳәм жаңаланыў очерклерге де, интервьюге де өз тәсирин тийгизди. Бул жанрлар арқалы кең оқыўшылар, *еситтириўшилер* яғный тыңлаўшылар ҳәм тамашагөйлерге дәўир қаҳарманларының келбетин ашып бериў авторлардың бирден бир ўазыйпасы.

Баспасөз материалларында журналистлик жанрлардың әҳмийетлиги неде деген саўал туўылады?

«Журналистика жанры - баспасөз материалларының улыўмаластырылған ҳәм типиклестирилген, ўақыяны ашып бериўдиң көркем ҳәм публицистик формасы. Бул түсиник мақаладағы композицияны билиў усыллары, оны ашып бериўши ҳәм жәмийетке тәсир өткизиўине қарағанда, ажыралып туратуғын мақалалардың мазмун ҳәм форманың улыўмалық мақсетиниң жыйындысын аңлатады».[7]

Ҳәзирги ўақытта жанрлардың түрли формаларының пайда болыўы ҳәм де жанрлардың санының көбейип барыўы журналистлеримиздиң материалларын еле де қызықлы етип жазыўына өз тәсирин тийгизбекте.

---

[7] Ворошилов В.В. Журналистика. Учебник СПб. Изд. Михайлова. 1999. 24-бет.

Ҳәммемизге мәлим, журналистика жанрлары үлкен үш топарға бөлинеди, буны рус журналистика қәнигелигиниң илимпазлары ҳәм «Ўақытлы баспасөз теориясы ҳәм әмелияты» китабының авторлары да журналистика жанрларын төмендегише үлкен үш топарға: информациялық, аналитикалық, көркем-публицистикалық жанрларға бөлип көрсетеди. Өз нәўбетинде бул жанрлар ишки бөлиниўге ийе. Информацион жанрларға хабар, есап, интервью, репортаж жанрлары киреди. Олардың тийкарғы қәсийети социаллық, сиясий-экономикалық, руўхий ҳәм мәдений өмирдеги жаңалықларды бериў менен белгиленеди. Информациялар туўрыдан-туўры өзеклерге таянады, конкрет фактлерден ибарат болады. Егер информацион жанрлар ўақыяны қысқа, ықшам, анық ҳәм түсиникли тәризде сүўретлесе, аналитикалық жанрларының тийкарғы қәсийети-фактлер талқыны, социал пикирди бир тәризде үйрениў ҳәм сәўлелендириў ҳәм де авторлардың мәлим жуўмақлары бар екенлиги менен белгиленеди. Баспасөздеги аналитикалық жанрларға корреспонденция, мақала, рецензия, шолыў, баспасөз шолыўы ҳәм хат киреди.

Көркем-публицистикалық жанрлар топары очерк, сүўретлеме, фельетон ҳәм памфлет киби түрлерден ибарат. Образлылық көркем публицистиканың тийкарғы қәсийетлеринен бири болып есапланады. Өмирде ўақыяны анық көрсетиўлер тийкарында көркем усылында, арнаўлы көркем сүўретлеў қураллары жәрдеминде ҳақыйқый анықлап бериў көркем-публицистиканың тийкарғы ўазыйпасы болып саналады.

Қарақалпақстан баспасөзинде, телевидениеде, радиода спорт тараўындағы материалларды сәўлелендириўде, халыққа жеткерип бериўде дәстүрий жанрлардан тысқары, заманагөй журналистика

жанрларының орны оғада әҳмийетли. Себеби бул жанрлар аудиторияға жеткизилип берилип атырған материаллардың избе-излигин, түсиникли, ықшам ҳәм де қызықлы болыўын тәмийинлейди.

Қарақалпақ баспасөзинде тематикалық ҳәм идеялық бағдарын ашып бериўде журналистика жанрларының хабар, мақала формалары көбирек сәўлеленер еди. Соңғы ўақытлары қарақалпақ баспасөз материалларында заманагөй журналистика жанрлары журналистлеримиз тәрепинен шебер пайдаланып атырғанлығын көремиз.

Бизиң магистрлик диссертация жумысымызға көркем-публицистикалық жанрлардың раўажланыў бағдарын, тематикасын изертлеўлер киргизилди. Оған тийкар етип 2006-2010-жыллардағы көркем-публицистикалық жанрлар алынды. Себеби бул дәўирде сүўретлемелер де, очерклер де, сатиралық жанрлар да жанрлық жақтан жетилисти. Олардың көркемлик дәрежеси өсти. Очерк ҳәм интервью жанрлары, сондай-ақ, фельетон жазыўшы жазыўшылар өсип жетилисти ҳәм «Еркин Қарақалпақстан» газетасында көрине баслады.

Енди биз, очерклердиң характери, тематикасы, сүўретлеў усылы ҳәм басқа да себеплерге қарап төмендеги үш түрге бөлинетуғынын билемиз.

1. Портрет
2. Жол сапарнама
3. Проблемалық очерклер

Очерктиң ең киши түри сүўретлеме болса баспасөздиң тийкарғы жанры сыпатында қәлиплести.

Жанр дегенде биз қәлеген журналисттиң өз мамзмунына сай дөретпелерине силтеўди түснемиз.

Жанр - өз алдына бир формаға, сюжетли композицияға ҳәм лексикалық – стилистикалық қурылысқа ийе болады.

Көркем публицистикалық жанрлар баспа сөздеги қолланылатуғын жанрлар уқсап, радио ҳәм телевидение техникалық мүмкиншиликлерине бола иске асады. Олар ўақыяны болып атырған мәўритте жазып алып көрсетиўи, сес ҳәм көринис пенен бере алыўында айрықшаланады. Жанр – француз тилинен алынған болып, ол «депче» - түр деген мәнини аңлатады.

Оның пайда болыўы көркем сөз өнериниң раўажланыўының барысында қәлиплесиўин есапқа алсақ, турмыс шынлығын көркем сүўретлеўдиң барысында жазыўшы, шайыр, журналист нийет еткен идеяларды бериўдиң усыллары жанрдан шешиледи. Мәселен, автор тарийхый ҳақыйқатлықты көркем сәўлелендирмекши болса, онда ол тарийхый (роман, повесть ҳ.т.б.) жанрдың мүмкиншиликлеринен пайдаланады. Егер, ол өзиниң идеясын ишки сезимлер, кеширмелер арқалы эмоциональ формада бермекши болса, лирика жанрына мүрәжәәт етеди.

Солай екен, турмыс шынлығын көркем сәўлелендириў бойынша ҳәр бир әдебий, журналистлик түрдиң (жанрлардың өзине тән көркемлик мүмкиншиликлери, сүўретлеў қуралларынан пайдаланыў усыллары), қулласы, ҳәр бир жанрдың өзине тән турақлы көркемлик қағыйдалары қәлиплеседи.

Жанрды дурыс таңлаў, жанрдың мүмкиншиликлеринен дурыс пайдаланыў шығарманың қунын көтерип, журналисттиң шеберлигин арттырады.

Ғалаба хабар қураллары системасы ишинде ең тарийхы бай, тәжирийбеси мол тараўы – баспа сөз саласы болып табылады. Баспа сөз бизиң үлкемизде XX әсирдиң биринши ярымында пайда болды,

раўажланды ҳәм қәлиплесе баслады. Газета ҳәм журналлардың аймағымызда жарық көриўи нәтийжесинде жергиликли халық топарының пикирлеў дүньясы, дүнья танымы кеңейе баслады, дәслеп олар газета арқалы ғалаба саўатын ашыў дәўирин басып өтти деп исенимли түрде айта аламыз. Деген менен бул пикиримиз бенен бурынғы Аўқам дәўириндеги әдебиятларда берилген «ақырап аўдарыспағынан алдын бизиң халқымыздың 0,002 пайызы саўатсыз еди» деген мағлыўматына таянғанлығымызды билдирмейди. Ҳақыйқатында да бийбаҳа аўызеки әдебияты руўхыятында жәмленген қарақалпақ халқы арасында заманының зыялылары талай ғана еди. Деген менен саўатсызлар саны да өзине жараса санларды қурады. Усындай өтиў дәўири ўақтында миллий баспасөзимиз қәд көтерип, ис жүрите баслады. Журналистика тараўының тийкарғы өними-информация. Информацияны аудиторияға жеткериў формалары, усыллары ҳәм методлары, журналист шеберлиги – мағлыўматлардың баҳалылығын тәмийинлеўге хызмет етеди.

Информациялардың кеўилге қонымлы, масса санасына ықшам жетип барыўында жанрлар жүдә қол келеди. Көркем әдебияттағы сыяқлы ғалаба хабар қуралларында да жанрлар ҳәрекет етеди. Әдебият жанрларында көркемлилик баслы орынды ийелесе, журналистикада факт, публицизм әҳмийетлирек болып табылады. Фактлер менен қуралланған публицистика жанрлары бүгинде әдебий жанрлардан оперативлилиги, исенимли дәлиллери менен қунлылығына ийе болып бармақта. Публицистика жанрлары тийкарынан үлкен үш топарға бөлинеди: информациялық жанрлар, аналитикалық жанрлар, көркем-публицистикалық жанрлар. Биз магистрлик диссертация жумысымызда тема етип негизлеп алған сүўретлеме жанры, көркем – публицистикалық жанрлар топарынан

орын алады. Көркем – публицистикалық жанрларда факт, дәлил, ўақыя менен бирге көркемлилик (көркемлеў қуралларынан да пайдаланылады) өз ара синтезленеди, фельетон, памфлет, эпиграмма, тымсал, анектод сыяқлы сатиралық жанрларда болса көркемлик, факт яғный жәмийетлик ўақыя ҳәм сатираның синтезинен бир шығарма ҳасыл болады. Сүўретлеме жанрында болса көркемлилик пенен публицистика, факт өз-ара синтезленеди, бул екеўиниң араласпасынан сүўретлеме жанры пайда болады. Барлық жанрлардың өзине тән белги, характери, стили, усылы болғанындай сүўретлемеде де булар орын алған. Сүўретлеме жанрын алып қарағанда ол көркем публицистикалық жанр болып, ол изертлеўшилер ҳәм журналистлер арасында көбирек бәсеки болады. Өйткени, базы илимпазлар оны очерктиң киши бир түри сыпатында алып қараса, ал екинши бир топар оның очерктен парқы бар деп дәлийлеўге умтылыўшылар да бар.

Сүўретлеме-көркем публицистикалық жанр болып, конкрет өзиниң әҳмийети бойынша кишигирим бир ўақыяға арналған болады. Мысалы, өндирислик яки мәдений объекттиң иске қосылыўы, спорт жарысының басланыўы ҳәм тағы басқа сүўретлемениң темасы болыўы мүмкин. Сүўретлеме оператив болады. Бунда ўақыялардың ҳақыйқатшыллығы авторлар қатнасында болады. Сүўретлемениң өзгешелиги информациялық ҳәм көркем публицистикалық белгилердиң биригиўинде болады. Оны жазыўда журналист қысқа, тәсирли, анық етип жазыўы керек. Сүўретлеме тек Берген факт шеңберинде қалып қоймастан әтирапындағы ўақыяларға, көринислерге сыпатлама береди.

**Сүўретлеме** – бир пүтин шығармада көз-қараслар менен фактлердиң сәўлелениўи болып табылады. Соның менен бирге ол

қысқа, жанлы ҳәм образлы кеширмелерге толы гүрриң. Сүўретлеме тийкарынан алғанда, конкрет өзиниң әҳмийети бойынша кишигирим бир ўақыяға арналған болады. Мысалы: өндирисли яки мәдений бир объекттиң бирлеспени иске қосыўы, спорт жарысының басланыўы усы сыяқлы ўақыя ҳәм жаңалықлар сүўретлемениң темасы болыўы мүмкин. Сүўретлеме күнниң жаңалығынан қуралғанлығы менен айырымланып турады, сонлықтан да ол оператив, сол ўақыттың өзинде аудиторияға, оқыўшыға, тыңлаўшыға, көриўшиге жетип барыўы керек болады. Бунда ўақыялардың ҳақыйқатшыллығы, жүз берип атырған ўақыялар избе-из процесси жийлиги авторлар қатнасында көриледи.

Бул тәрепинен алып қарағанымызда сүўретлеме жанрының айырым характери репортаж жанрына да уқсайды. Сүўретлемениң өзгешелиги бунда информациялық ҳәм көркем публицистикалық белгилердиң биригиўинде болды. Сүўретлеме жазыўда тағы бир өзгешелик журналист қысқа бирақ тәсирли ҳәм анық етип жазады. Ол тек берилген факт шеңберинде қалып қоймастан әтираптағы ўақыяларға, көринислерге сыпатлама берип келеди. Деген менен сүўретлеме жазыў ушын анық бир нәрсе яғный объект алдын-ала таярланады. Сүўретлеме жанрына қойылатуғын талаплар жөнинде де бир қанша пикирлер, анықламалар берилген. Ворошиловтың «Журналистика» атамасындағы журналистика қәнигелиги ушын жазылған сабақлығында «Сүўретлеме жанрының көлеми, сапасы,ол 100-120 қатардан аспайды»,[8] деп белгилеп береди. Россия илимпазларының бири, журналистика теориясын көптен изертлеп киятырған алымларының бири Тертычный журналистика факультети, бөлимлери ушын жазған «Жанры периодической печати» (Москва

---

[8] Ворошилов В.В. Журналистика, С-П. Изд. Михайлова. 2001.

МГУ. 2002-жыл) атамасындағы оқыў қолланбасында да сүўретлеме жанрына айырықша тоқтап өтеди. Және бул жанр туўралы биз жоқарыда сөз еткен тоқтамға жақын анықламаны оқыўшы қәуими дыққатына усынады.

Журналистика бойынша айырым теориялық әдебиятларда, оқыў қолланбаларында сүўретлеме жанры көркем публицистикалық жанрлар қатарына киргизилсе, ал гейпара әдебиятларда, атап айтқанда Стрелцов тәрепинен шығарылған «Основы публицистики жанры» деп аталған оқыў қолланбасында бул жанрды информациялық жанр топарына киргизеди. Илимпаз былай деп жазалы: «Сүўретлеме бул сондай информациялық жанр, онда көркемлик те айрықша белги бола алады. Жазылыўы стилистикалық характери бойынша сүўретлеме очеркке жақын келеди. Гейде бул еки жанрды бириктирип, сүўретлемени очерктиң бир түри деп қарайды. Бирақ бул дурыс емес. Сүўретлеме-информациялық жанр, ал очерк-көркем публицистикалық жанр».

Жоқарыда сүўретлемени информациялық жанр деп көрсеттик. Егер жанрдың тәбиятына итибар беретуғын болсақ, сүўретлеме конкрет, белгили орында, бир ўақытта не болды, мине усыны сүўретлеп береди. Демек, аудиторияға белгили бир ўақыя ҳаққындағы информацияны береди. Бул жерде илимпаз мәселениң усы тәрепин есапқа алып, сүўретлемени информациялық жанрлар топарына киргизиўди мәсләҳәт етеди.

Ал, В.Д.Пельт авторлығындағы 1980-жыл шығарылған «Теория и практика советской периодической печати» деп аталған оқыў қолланбасында бул мәселеге өзгешерек қатнас жасайды. Онда көрсетилиўинше: «Көркем публицистика жанрларына очерк, фельетон, памфлетлерди соның менен бирге көркем

публицистиканың киши формасы сүўретлемени киргизсек болады» деп дурыс тәрийп береди. Демек, автордың белгилеўинше, сүўретлеме көркем публицистиканың киши формасы. Егер информациялық жанр болғанда, сүўретлемеде көркемлик болмаўы керек. Сүўретлемеде анық факт келтирилип, бир ўақыя ҳаққында айтылса да, онда көркемлик бар, ўақыя әтирапындағы көринислерге сыпатлама береди.

Сүўретлеме жанры - көркем-публицистикалық жанрлар топарынан жай алып, тийкарынан бул жанр басқалар ушын өрнек, үлги боларлықтай ўақыялар, өзгерислер топламын өзинде жәмлеўге умтылады, сондай-ақ, жарасымлы еликлеўшилик, уқсаслық, жеке, топар дөретиўшилик қәдемлери, ҳәммеге белгили орынлар менен мәўритлер жанрдың баслы темасын қамтыйды.[9]

Қарақалпақстан Республикасы баспа сөзиниң раўажланыўында салмақлы үлеси бар баслымымыз – «Еркин Қарақалпақстан» газетасы болып табылады. «Еркин Қарақалпақстан» газетасында дәуир жылнамасын үйрениўимизге болады. Және де қарақалпақ журналистикасы тарийхы, дөретиўшилик устаханасы, газета жанрлары жетискенлигин басылым бетлеринен көрип, билиўимизге болады. Газета тигиндилерине көз жуўырта отырып, онда жәрияланған публицистика жанрларының әжайып үлгилерин көриўимизге болады. Биз магистрлик диссертация жумысымыз ушын таңлап алған сүўретлеме жанры да аймағымызда дәслеп республикалық «Еркин Қарақалпақстан» газетасында туўылады, раўажланады, қәлиплеседи. Заманының жетик журналистлери болған тәжирийбели дөретиўшилер усы газета турып жанрлардың раўажланып, қәлиплесиўине тийкар жаратқанлығын

---

[9] Тертыяный. Жанры периодической печати. –М.: МГУ. 2002.

билемиз.Сүўретлеме жанрының өзгешелиги, машқаласы ҳәм дөретиўшилер шығармаларында тапланып излениўшиликтиң ағла үлгилериниң көриниўи де усы газетада жүз берди.

Публицистика жанрларының өзине тән болған характерли, турақлы ҳәм қайталанбас белгилери көбинесе стихиялы формада қәлиплеседи. Дәўир атамасына сай әсте-ақырынлық пенен жетилисип, раўажланып өз орнына түскен. Жәмийетимизде экономикалық реформаларды әмелге асырыўда турмыстың барлық тараўларын қайта қурыўда, миллий ғәрезсизликти еле де беккемлеўде публицистиканың әҳмийети үлкен.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында «Шарўалар қыслаўы қалай өтип атыр» рубрикасы астында «Жанлық баққан тарықпас»[10] сүўретлемесинде Қалыкөл районындағы «Киндикөзек» ширкетлер хожалығының Турғанбай Қайыпназаров басқарған қойшылық фермасының ис тәжирийбелери туўралы журналист сөз етеди. Бунда форма жәмәәтиниң тынымсыз мийнети арқалы қой қсылатыў, оларға берилетуғын от-шөп базасының толық жыйналыўы, төл алыныў мапазы, тери тапсырыў ислериниң пухта исленгенлигинен дерек береди. Буны мына фактлерден билип алсақ болады. «Өткен жылдың февралында 470 бас болса, быйылғы жылы 541 басқа жетти. 43 қой ширкетлер хожалығына арзан баҳада сатылған болса, 2 бас қой халыққа байрам мүнәсибетине байланыслы ыссы аўқат ушын берилди. Мәмлекетке 67 қаракөл териси тапсырылды, 732 кг жүн сатылды». Бир фермер хожалығының ислери усы цифрлар арқалы сүўретленип отыр. Енди усы жумыслардың исслениўинде, қойлар ушын от-шөплердиң, солардан 91 тоннан жоңышқа бедеси, 120 тонна тәбийғый от-шөп таярланып соннан 1-март есабынан есапланғанда 35

[10] Ерманов Е. Жанлық баққан тарықпас. «Еркин Қарақалпақстан» 2006-ж. 28-февраль.

тонна беде, 68 тонна тәбийғый от-шөп қалған. Демек, фермер хожалығы қыс таярлығын жақсы, пухталық пенен исленгенин билиўимизге болады.

Сүўретлеме қаҳарманы Турғанбай Қайыпназаров мектепти питкерип, әскерликтен келгеннен кейин Нөкис аўыл хожалық техникумының ветеренария бөлимине оқыўға түседи. Оқыўды 1990-жылы айрықша диплом менен питкерген. Усы ўазыйпаны өзи қолына алғанда 313 қой болып, ҳәзир 541 басқа жетти дейди қаҳарманымыз. Авторларға тийисли стиль, форма, қәлиплескенлигин көриўимизге, аңлаўымызға болады. Яғный, олар өзлерине сәйкес қол таңбаларына ийе. Мәселен, А.Халмуратовты алып қарайтуғын болсақ, ҳәр қандай информацияны ҳәр қыйлы муқамға дөндирип, сөйлетип жибериў қәбилетине ийе. Оның дөретиўшилигинде орын алған сәўбет, сүўретлемелер күнниң темасынан келип шыға  отырып, сөзлердиң орынлы қолланылыўы менен оқыўшы қәлбине уялайды. Ө.Өтеўлиев болса сүўретлеў, сөз ойнатыў, атаманы шеберлик пенен таңлаў менен-ақ, фактлер топламын жипке дизбеклеп аудитория жылаўын услап өзине бәнт етеди. Ол таңлаған атамалардың дерлик көпшилиги жасырын форманы таңлап, гейде теманы қамтыса, гейпара ўақытлары теманы қамтымастан жумбақ ҳалында бериў жағдайлары ушырасады. Бунда оқыўшы шығарманы оқыў арқалы оның атамасын түсинип алыўға ериседи. Аўызеки халық әдебияты дүрданалары болған нақыл-мақаллардан да атамаларда пайдаланыў тәжирийбеси А.Халмуратов, Ө.Өтеўлиев дөретиўшилигинде көплеп ушырасады.

Сүўретлеме-көркем публицистикалық жанр болып, конкрет өзиниң әҳмийети бойынша кишигирим бир ўақыяға арналған болады. Мысалы, өндирислик яки мәдений объекттиң иске қосылыўы, спорт жарысының басланыўы ҳәм тағы басқа сүўретлемениң темасы

болыўы мүмкин. Сүўретлемениң өзгешелиги информациялық ҳәм көркем публицистикалық белгилердиң биригиўинде болады. Оны жазыўда журналист қысқа, тәсирли, анық етип жазыўы керек. Сүўретлеме тек берилген факт шеңберинде қалып қоймастан әтирапындағы ўақыяларға, көринислерге сыпатлама береди.

Мысалы, А.Халмуратовтың газетада жәрияланған «Мийнеттиң ҳадал наны» атлы сүўретлемесин алып қарайық: «Жер ояныў да, гүллән тиришлик ояныўда!

Шәриябай тәбияттың бул өзгерислерине ынтыға қарады. Қарады да, өзине ҳәр түп жыңғылына шекем таныс болған бул өңирди тап биринши мәртебе көргендей болды, үстине бәҳәр думаны шөккен дала оның көкирегине сырлы сезим сырларын қуя берди, қуя берди…».[11]

Мине бул қатарларда журналист белгили бир ўақыяны, ўақыя қаҳарманы туўралы айтпастан алдын, тәбият көринислерине сыпатлама береди.

Сүўретлеме көлеми 100-120 қатардан аспайды. Буны жазыў ушын объект алдын-ала таярланады.

Сүўретлеме изертлеўшилер, журналистлер арасында бәсеке болып киятыр. Өйткени базы илимпазлар, ол очерктиң киши бир бөлими сыпатында қараса, оның очерктен парқы бар деп дәлиллеўшилер болды.

Бирақ ҳәр қандай жанрды таза ҳалында ушыратыў, яғный белгили бир жанр ишинде екинши бир түр жанр элементлерисиз ушыратыў мүмкин емес. Мысалы, очеркте-сүўретлеме, ал репортажда интервью элементлериниң бар болыўы тәбийий. Яки болмаса есап-сүўретлемени алайық. «Бул көбинесе байрам, салтанатлы жыйналыс

---

[11] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 2007-жыл 25-март.

туўралы айтылады. Бунда журналист байрам көринислерин сулыў штрихлар арқалы қызықлы детальлар келтирип, сүўретлеме түринде көркемлеп безейди. Бизде Наўрыз, Ғәрезсизлик ҳәм тағы басқа Миллий байрамларға арналған мерекелер есап жанрының түринде үзликсиз жәрияланады.

Журналистика бойынша айырым теориялық әдебиятларда, оқыў қолланбаларында сүўретлеме жанры көркем публицистикалық жанрлар қатарына киргизилсе, ал гейпара әдебиятларда, атап айтқанда Стрелцов тәрепинен шығарылған «Основы публицистики жанры» деп аталған оқыў қолланбасында бул жанрды информациялық жанр топарына киргизеди. Илимпаз былай деп жазады: «сүўретлеме бул сондай информациялық жанр, онда көркемликте айрықша белги бола алады. Жазылыўы стилистикалық характери бойынша сүўретлеме очерке жақын келеди. Гейде бул еки жанрды бириктирип, сүўретлемени очерктиң бир түри деп қарайды. Бирақ бул дурыс емес. Сүўретлеме0информациялық жанр, ал очерк-көркем публицистикалық жанр».

Жоқарыда сүўретлемени информациялық жанр деп көрсеттик. Егер жанрдың тәбиятына итибар беретуғын болсақ, сүўретлеме конкрет, белгили орында, бир ўақытта не болды, мине усыны сүўретлеп береди. Демек, аудиторияға белгили бир ўақыя ҳаққында информацияны береди. Бул жерде илимпаз мәселениң усы тәреп есапқа алып, сүўретлемени информациялық жанрлар топарына киргизиўди мәсләҳәт етеди.

Ал, Д.Пельт авторлығындағы 1980-жыл шығарылған «Теория практика советской периодической печаты» деп аталған оқыў қолланбасында бул мәселеге өзгешерек қатнас жасайды. Онда көрсетилиўинше: «Көркем публицистика жанрларына очерк,

фельетон памфлетлерди соның менен бирге көркем публицистиканың киши формасы сүўретлемени киргизсек болады». Демек, автордың белгилеўинше, сүўретлеме көркем-публицистикалық жанрдың бир түри.

## 1.2. Очерк – қарақалпақ баспа сөзинде оператив жанр

Публицистика менен очеркти өмирдиң барлаўшысы, деп атайды. Оның азаматлық даўысы, жаўынгурлик дабылы, идеялық бийлиги, шеберлик тереңлиги жыл сайын жетилисип кәмалға келмекте. Очерк бәринен бурын өмир шежиреси, заман әғымына илесип, өмир менен бир нәпесте болып бирге соғатуғын, елимизде болып атырған сан мың ўақыялар менен қызық-қызық жаңалықлардың изин суўытпай оқыўшысына жеткеретуғын, өзимиз бенен бирге тынбай мийнет етип атырған заманласымыздың келбетин жасайтуғын жанрлардың бири – усы очерк.

Әдебиятымыздың жаўынгер жанры-очеркке болған қызығыўшылық әсиримиздиң 60-жылларына туўра келеди. Қарақалпақ прозасы менен қатар очерктиң де раўажланыўын изертлеген илимпаз М.К.Нурмухаммедов болды. Ол өзиниң «Қарақалпақ совет прозасының раўажланыў жоллары» атлы докторлық диссертациялық жумысында очерктиң дәслепки белгилери 30-жыллары көрине басланғанын атап өтти.

Бизиң жумысымыздың мақсети ҳәзирги қарақалпақ, очерклеринде 2006-2010-жыллар жанрлық жақтан раўажланыў барысы ҳәм олардың көркемлик дәрежесин изертлеўден ибарат.

80-жылларға келип әдебият сыяқлы, очеркте де турмыс ҳақыйқатлығы узын гүрес, жаңалыққа умтылыўшылық көрине баслады. Дәўир нәпесиз сезиниў, ўақыя яки ҳәдийсеге туўры көз-қарастан баҳа бериўде очерк өзиниң, жаўынгерликгин көрсете билди.

Очерк жанрын раўажландырыўда Т.Қайыпбергенов, С.Салиев, А.Халмуратов, А.Алиев, О.Абдирахманов, А.Худайбергеновлардай сөз шеберлери көрине баслады.

Дәслепки басланған қатарынан баслап-ақ, оқыўшының дыққаттын өзине тартқан очерклер қатарына К.Рахмановтың «Жалпақ жап жулдызы», Ш.Уснатдиновтың «Қалайсыз, қайдасыз, жигитлер», Т.Қайыпбергеновтың «Дәрья теңизге қуймағы лазым», «Кең, пейилли инсан», С.Жумағуловтың «Мыңның ишинен бир адам», А.Халмуратовтың «Мүмкиншилик шегарасы», В.Жуковтың «Мийнет – деп ийдиреди» очерклерин киргизиўге болады. Бул очерклер қаҳарман портретин жасаўдағы шеберлиги, характер өзгешеликлерин көрсетиўи, көтерилген үлкен яки киши проблеманы очерктиң композициясына киргизе алыўы менен айырылып турады.

М.Горькийдиң айтқанындай, «Ең қыйын басланыўы. Биринши қатар, биринши сөз музыкадағы сыяқлы пүткил шығарманың руўхын белгилейди. Соның ушын да биринши қатарды жүдә узақ ислеўге туўра келеди». (Собр. соч. в. 30 томах, т-26, с, 225). Очерктиң өзиншелик белгилери ҳәмме ўақыттағыдай – ақ, турмысқа актив ҳәм оператив араласыўы, дана қубылысларға оның тиккелей жақын болыўы, ўақыяға тез пикир көрсетиў уқыплығы, оның батырлығы, ҳақыйқатлығы, тәсир етиўшилиги ҳәм ийкемлиги болып есапланады.

Бул сыпат, әсиресе, 80-жылдан соң дөреген очерклерде көбирек сезиледи. Бул дәўирде қаҳарман образын көркем детальларда ашып, характер өзгешелиги оның мийнетке қатнасына сиңдирген портрет очерклериниң жаңа формалары дөрелиўи менен бир қатарда, проблемалық, жол-сапарына, суд очерклери ҳәм публистикалық мақалалар пайда болды. Бул очерклерде көркем изленислер тема таңлаўда, образ жасаўда, әҳмийетли ўақыя тийкарында композиция

дүзиўде, қаҳарман ҳәрекетлеринде өткир драматизм бериўде өз көринисин тапқан.

Қарақалпақ публицистикасында соңғы жылларда очерклер көркем изленислери бойынша асты. Буның тийкарғы себеби очерк жанры бойынша жазатуғын жазыўшылардың әдебият майданына келиўинде ҳәм қызығыўшы-публицистлер өзлериниң алдына қойылған ўазыйпаларды толық түсинген ҳалда турмыслық мәселелерге жақыннан араласыўыда болып атыр. Турмыслық мәселелер ҳаққында да очерклер дөрелди. Буларға К.Назарбековтың «Қастыянлық, ямаса жынаят жазасыз қалмайды», Т.Худайбергеновтың «Түйени түги менен жутқан адам», О.Абдирахмановтың «Мырзаның иси», «Мырзаның соңы», В.Жуковтың «Сергизданлық ямаса қалынмал қашанға шекем» очерклерин киргизиў мүмкин.

Жасап турған орталықты қорғаў, анна тәбияттың гөззалығы ушын гүрес, тоғай полосаларын дүзиў, тәбият экологиясын сақлаў, тараўында да очерк, публицистикалық мақалалар жазылды. А.Жолдасовтың «Жер тәғдири – ел тәғдири», И.Садуллаевтың «Қыс тоғайлар тәғдири» публицистика ҳәм очерклеринде бул темалар кең түрде ашылады. Экологиялық мәселеге байланыслы жазылған бул проблемалық очерклер - көркемлик изленислердиң жаңа көриниси. Буларда, журналист-публицистлер кеңирек көринеди, өз изертлеўлерин оқыўшының санасы менен сөзлигине бирдей тәсир етиўде өзлериниң жазыў шеберлиги көрсеткен. Оларда турмыс шынлығына терең көркем публицистикалық таллаў жасалады. Авторлар барлық дыққатын барлық фактине, өзин толқытқан жәмийетлик машқалаға орайластырады. Шығарманың сюжетлик жемиси де соған байланыслы сәўлеленген.

Публицист ҳәм очеркист ушын бүгинги күн темасы, актуаль турмыслық мәселелер көп. Турмыстың өзи талант ийеси ушын тема таңлауға жәрдем береди. Ең қуўанышлысы бул очерклерде турмыслық шынлықтан шығып жетпеўшилик ҳәм қайсы дәуирде сөз етиуине қарамастан, турмыслық, машқалаларды өз ишине алыўшылық бар.

Әсиресе, бизиң объектимиз болған «Еркин Қарақалпақстан» газетасы материалларын үйренгенимизде журналистлеримиз очерк жанрында бир қанша жемислихызмет еткенлигиниң гүўасы болдық.

Жәмийетлик әҳмийетли ўақыяға байланыслы, мийнет алдыңғылары туўралы, турмыслық, социаллық машқалалар да очерклердиң темасына айналған. Жәмийетлик машқаланы үйрениўде журналистлик тексериў жүргизип, проблемалық очерклер дөрелмекте.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасы шын мәнисинде дөретиўшилик мектеби. Ш.Уснатдинов, Е.Ерманов, А.Халмуратов, А.Ҳабипов, Х.Даўлетназаров, О.Сәтбаев, Ө.Өтеўлиев, П.Хожамуратова, А.Ембергенов, С.Жәниевтай көркем сөз ҳәм өткир публицистлер усы дәргайда тәрбия көрген.

Әсиресе, жәмийетшиликке сын мақалалары, фельетонлары менен танылған журналист Буҳарбай Тилеўмуратовтың ҳәм очерк ҳәм сатиралық публицистикадағы дөретпелери өзиниң халықшыллығы менен ажыралып турады. Сонлықтан, ол 2011-жылы Өзбекстан Республикасы журналистлериниң ең үлкен миллий сыйлығы «Алтын қәлем» таңлаўында «Интернет журналистикасы» номинациясында «Ең жақсы Интернет материалы»н таярлап бәршеге өзин көрсете алды.

Биз үйренген 2006-2010-жылларда «Еркин Қарақалпақстан» газетасында проблемалық очерк, социаллық очерк, суд очерки, жол очерк ушырасады. Әсиресе, портрет очерк жазыўда журналистлеримиз бир-бирине устаз, бир-бирине шәкирт.

Портрет очерки басқа жанрларға салыстырғанда әдеўир алдыға шықты. Жанрлық жағынан байыды.

Портрет жанры – сүўретлеў болып табылады. Оның дәлийлленген өз алдына еки түрин айтып кетиў орынлы.

1. Ҳәр бир шығармада адамның сыртқы көриниси, келбети, кийим-кеншеги, өзин тута билиўи ҳ.т.б.

Портреттиң характери ҳәм функциялары ҳәр түрли болады. Бирақ, портреттиң характери оның психологик портрет екенинде көринеди.

Психологик портрет, журналистке қаҳарманның сыртқы формасы арқалы оның руўхый дүньясын ашыўға жәрдем береди. Соның ушын да портрет автордың жеке услубы, шеберлиги ҳәм мақсетине байланыслы түрли дәрежеде болыўы мүмкин деп ойлаймыз. Мәселен, гейбир шахстың сыртқы көриниси ҳәм ис-ҳәрекети кеңирек сүўретленсе, гейде образдың я сыртқы формасын, яки оның ис-ҳәрекетине тийисли керекли детальлары сүўретлеў арқалы көрсете аламыз. Солай екен портрет образ жаратыўдың ең керекли шәртлеринен бири болып есапланады.

2. Айырым жазыўшы, шайыр, атақлы инсанлар, көркем өнер ғайраткерлери ямаса илимпазлар өмири ҳәм мийнети ҳаққында шығармалар. Мәселен, Ҳамза, Айбек, А.Қаҳҳар, А.Қадрий, И.Юсупов, С.Ахметов, Т.Қайыпбергенов ҳ.т.б.

Портрет – очеркте типиклестириў ҳәм индивидуалластырыў формуласы ҳүким сүреди. Бул жерде биз рус илимпазы В.Перцовтың

пикирлерин келтирип өтиў орынлы. Ол: «Портрет очерки биография емес, - деген еди. – Қалайда ол биографиялық материаллардан турса да ол тек биографияның тек бир элементин ғана өз ишине қамтыйды.

Портрет – очеркин жазарда автор алдында сол сүўретлейтуғын адамның оның өзинен де көбирек түсиниў, билиў ўазыйпасы турады. Бул гөзленген бағытқа өсиў жолын стимулластырады».[12]

Өткен ҳәм ҳәзирги жасап атырған өмир адамларының заманласларымыздың, мийнет қаҳарманларының тәғдири, өмири ҳәм мийнет жолы, солар әтирапындағы ўақыялар портрет очерклердиң тийкарғы мазмуны болыўы тәбийий қубылыс.

Әлбетте, журналист өз қаҳарманына ҳәр тәреплеме нәзер аўдармаса, оның тек жетискенлигин көрип дөгерегиндеги машқалаларды қаҳарман портретин дөретиўге дурыс пайдалана алмаса, турмысты бурмалаў болып кетиўи мүмкин. Демек, бул жағдайда ҳақыйқый очерк те, ҳақыйқый портрет те дөреўи мүмкин емес. Бул ҳаққында И.Жиго деген илимпаздың пикирлерин келтирип өтейик ҳәм өзимиздиң де пикирлеримизди келтирейик.

«Жазыўшы очеркте тек образ жасап ғана қоймастан соның менен бирге тиккелей өз алдына анаў яки мынаў сиясий мәселеси де қояды ҳәм тиккелей публицистикалық жуўап бериўге ҳәрекет етеди».[13]

Келешекте очерклер жанрлық жақтан жетилисип кететуғыны сезиледи.

Очерклерди көркемлик жақтан жетилистириў, оны ҳәзирги дәўир турмысымыздың жаўынгер жанрына айландырыў ўазыйпасы очеркши жазыўшы ҳәм журналистлердиң күн тәртибиндеги биринши мәселеси болыўы керек.

---

[12] Перцов В. Заметки о портрете. «Наши достижения» журнал. №6. 1934. 13-бет.

[13] Жиго И. «Очерк искусствосы». «Әмиўдәрья» журналы. 1958. №7.

Очерк ҳәм публицистика. Бүгинги күнниң актуал мәселелерин ашып бериўде очерк ҳәм публицистика жанрлары менен шуғылланыўшы журналистлеримиз бир қанша белсендилик ҳәм оперативлик көрсетпекте. Олардың мийнетлери «Қарақалпақстан» баспасынан китапша болып шығып атыр. Сондай-ақ, «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана», «Қарақалпақстан жаслары», «Әмиўдәрья» журналы, газеталарында журналистлеримиздиң, портретлери де, интервьюлери де, очерклери де жәрияланып келмекте.

Т.Қайыпбергенов, Қ.Жуманиязов, С.Салиев, А.Алиев, О.Абдирахманов, Ө.Өтеўлиев, А.Халмуратов, С.Жумағулов ҳәм тағы басқа журналистлер усылардың қатарына киреди.

Бизден алдыңғы илимий изертлеў жумысларында дәлийллеп өтилгениндей, очерк гүррiңге жақын, бирақ, бир айырмашылығы онда публицистика басым болып келеди. Көркемлеў қураллары екеўинде де теңдей хызмет атқарады.

Хош, биз тийкарғы жанрға толық түсиндириў жумысын алып баратырғанымыздың себебин анықламақшы екенбиз портрет, интервью, очерктиң синтези неден ибарат екенлигин ләлийллеў пайты келди. Мәселен, портрет де, интервью де, очеркте де компзициялық дүзилис ҳүким сүреди.

Интервьюде жанлы диалоглы сөз, оның ритмикасы, интонациялық, эмационаллық белгилерин сеземиз. Ондағы сырткы мимикалық, пантамимикалық реакция ямаса қандай да тәсир гүрриңлесиўши адамның характерин ашып береди.

Очерк жанрын дәслепки изертлеўшилердиң бири академик М.К.Нурмухаммедов болды. Ол очеркти әдебияттың ең киши жанры сыпатында изертледи ҳәм оған баҳа берди.

«Очерк жазыўшы автор турмыстан ең характерли фактлерди, ўақыяларды, характерлерди таңлап алады ҳәм сол арқалы өмирдиң типлик қубылысларын ашып береди, типик образлары жасайды. Әлбетте, турмыс фактлерин очерк жазыўшының турмысқа қатнасынан, дүньяға көз-қарасынан, қандай идеяны жырлаўды алдына мақсет етип қойғанлығына ғәрезсли болады».[14]

Демек ҳәр қандай очерк оқыўшыларды тәрбиялаўдай ийгиликли ислерге хызмет етеди. Қарақалпақ журналистикасында проблемалық очерклердиң кең түрде раўажланған дәўири әсиримиздиң 80-жылларына туўра келеди. Бул бойынша З.Қожықбаеваның «Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында көркем очерк» атлы кандидатлық диссертациясында айталады. Илимпаз проблемалық очерклерди туўылған жер, Арал-Әмиўдәрья, экологиялық, суд, мораль темасындағы очерклер деп бөлип изертлейди.[15]

Магистрлик диссертация жумысымыздың мақсети 2006-2010-жылларда «Еркин Қарақалпақстан»

Республикалық газетасында жәрияланған очерклерди изертлеўден ибарат. Бул теманы таңлап алғандағы тийкарғы себеби сонда, соңғы дәўирде жәмийеттеги экономикалық сиясий өзгерислер адамлардың социаллық турмысына, сана-сезимине, моралына тәсир жасап, әсирлер даўамында қәлиплесип әўладлардан-әўладларға мийрас болып киятырған дәстүрлеримиз, үрп-әдетлеримиз жаңа көринислерде сәўлеленди. Әлбетте, бул жағдай журналистлеримиздиң дыққатынан шетте қалмады. Бир қанша портретлик, жол, проблемалық очерклердиң жазылыўына себеп болады.

---

[14] Нурмухамедов М.К. Шығармаларының еки томлығы. 2-том. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1985. 215-бет.
[15] Қожықбаева З.А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында көркем очерк. Кандидатлық диссертация жумысы. Нөкис, 1998. 78-79-бетлер.

«Жазыўшының – деп жазған еди. А.М.Горький тийкарғы ислейтуғын материалы - сөз болып табылады».[16]

Әдебият бул сөз мәденияты. Сөз болмаса образдың болыўы әдебиятқа тән характердиң берилиўи мүмкин емес. Көркем шығарманың сыпаты, бул жазыўшы менен журналисттиң сөзден шеберлик пенен пайдалана алыўына байланыслы.

Сөз өмир ҳәм мазмунды қаншелли туўры, орынлы конкрет ашып берсе, көркем шығарма, очерк-публицистика тәсирли ҳәм әҳмийетли болады. Бул бир жағынан тилдиң тазалығының сақланыўынан да байланыслы. Соның ушын А.М.Горький «тилдиң тазалығы, мәнисиниң анықлығы, өткирлиги ушын гүрес мәдений қуралы ушын гүрес болып табылады»[17] - деген еди. Уллы жазыўшының бул даналық пикири ҳәм мәсләҳәти қарақалпақ публицистлери, журналистлери ушын тийкарғы жол көрсетиўши жулдыз сыпатында хызмет етип келди, еледе өз күшин жойтпай хызмет етип атыр.

Қарақалпақ публицистлериниң шығармаларына жоллама Берген тийкарғы факторлардың бири, олардың рус ҳәм де туўысқан халықлардың классик әдебиятынан тәлим алған болса, екиншиден, халықтың өмирин ҳәм аўызеки дөретиўшилигин терең үйрениўден ибарат болып табылады. Журналистлердиң дөретпелериниң тийкарында халықтың жанлы тили жатады.

Очерктиң мазмунын оқыўшыға жанлы, көркем формада жеткериў ушын мәнили, өткир, тәсиршең сөзлерди қолланыў талап етиледи. Бул талап дәўирдиң баслы критериясы. Өйткени, бүгинги газета оқыўшысы ҳәр тәреплеме билимли, саналы, оларды исендиргендей ўақыялар, ҳәдийселер туўралы сөз етиў зәрүрлиги келип шығады.

---

[16] Горький А.М. «О литературе». «Советский писатель», М. 1953 г. стр.594.
[17] Горький А.М. «О литературе». «Советский писатель», М. 1953 г. стр.594.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған очерклердиң тили ҳәм стили ҳаққында сөз етпестен алдын илимий тийкарларға нәзер аўдарып, тилдиң стилистикасы мәселелерине айқынлық киргизип алайық.

Ҳәр қандай дөретпе өз оқыўшысының дыққатын тез тартыўы ушын ең дәслеп оның тили ҳәм стилине итибар бериледи. Мәселен, сөзлер, сөз дизбеклери стиллик жақтан дурыс, орынлы қолланылыўы керек. Очерклерде сондай-ақ сөздиң лексикалық ҳам грамматикалық мәнилериде итибардан шетте қалмаўы тийис. Тил билимнен белгили, сөзлердиң туўра ҳәм аўыспалы мәнилери болады. Сөздиң дәслепки затлық мәниси туўра мәни, ал сол туўра мәни тийкарында дөреген қосымша мәнилер аўыспалы мәниси болады. Сондай-ақ мәнисиниң аўысыў усыллары да ушырасады. Мысалы, қандай да бир заттың атамасы арқалы оның форма ҳәрекет белгилериниң уқсаслығына қарай екинши бир заттың аталыўы - булар сөз мәнисин аўысыўы болады. Сөзлердиң синонимлик, антонимлик, омонимлик сыңарларынан, гөнерген ҳәм жаңа сөзлерден пайдаланыў, тилдиң көркемлеў қураллары болған эпитет, метафора, метнимия, теңеўлерден ҳәм фразеологиялық сөз дизбеклеринен орынлы қолланыў усыллары көплеп ушырасады. Фразеологиялық сөз дизбеклери булар неше сөзлер дизбегинен қуралып пүтин бир мәнини аңлатады. Олар мәнилериниң өткирлиги жағынан тилдиң тийкарғы маңызы сыпатында баҳаланады. Усылардан орынлы пайдалныў арқалы биз дөретпениң тил ҳәм стилиниң раўажланыўына, байыўына себепши боламыз.

Енди ҳәр бир журналисттиң дөретиўшилигине және де тереңирек нәзер таслайтуғын ўақыт жетип келди. Өйткени, илим сондай дәрежеде раўажланды, енди қарақалпақ публицстлериниң

дөретиўшилигин изертлеў дәўир талабына айланды. Қарақалпақ очерклериниң шеберлигин келеси бапта үйренемиз. Газетадағы жәрияланып атырған очерклерге тоқтамастан, алдын очерк ҳаққында айтып өтсем. Очерк бул көркем-публицистикалық жанр болып, өзиниң көлеми ҳәм ўақыяны сүўретлеўи жағынан гүрриңге жақын прозалық шығарманың бир түри. Оның гүрриңнен айырмасы, очерктиң фактке тийкарланып қурылганынан дерек береди. Очерк – бул газета жанрларының арасында ықшам, оператив жанр. «Очерк» сөзи орыс тилинен алынған болып, «әтирапқа сызық тартыў», «сызыў», «баян етиў», «тәрийплеў» деген мәнилерди билдиреди. Очеркте факт, ўақыя, ҳәдийсе анық белгиленеди, адамлар характерин ашады. Очерктеги қысқалық – тек мазмунды қысқартыў емес, ол усы мазмунының ең әҳмийетли мәнисин, характерин, деталларды ашып бериў, образ жаратыў кереклигин билдиреди. «Қысқаша» айтқанда – очерк бул өмир поэзиясы, дәўир жылнамасы, уллы ҳәм киши ислериңиздиң жыршысы»[18] деп жазған еди қазақ изертлеўшиси Төлебай Идырисов газетада портрет очерк көбирек ушырасады. «Яднама» рубрикасы астында «Жас журналистлердиң устазы еди»[19] атлы очеркти ветеран журналист Жубатқан Бегимов жазған. Бул очерк қаҳарманы жазыўшы ҳәм журналист Клим Назбергенов. Очерктиң мазмунына қысқаша тоқтап өтетуғын болсақ, Клим Назбергенов 1939-жылы белгили жазыўшы, журналист Дәли Назбергеновтың шаңарағында дүньяға келген. Үш жасында әкесинен жетим қалып, анасы менен биргеликте көп қыйыншылықлар көрип, оқыўды №1 санлы Жийен-жыраў мектебин питкереди. Мектепти питкерип болып, әке жолын қуўып НМПИның тарийх-филология факльтеине оқыўға кирип, ол жерди 1963-жылы питкереди ҳәм әке

---

[18] Өтегенов Ж. «Төртинши ҳәкимият сөзлиги» Нөкис – 2004 26-бет.
[19] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 26-декабрь 2009-ж № 155 (18837).

кәсибин даўам етип баспа сөзде газета редакциясында жумыс ислейди. Бул кәсипти таңлаўына себепши анасы Қаншайым апаның портретине де штрихлар бар. К.Назбергенов «Еркин Қарақалпақстан», «Қарақалпақстан жаслары» газеталарында көп жылдан берли әдебият бөлимин басқарып келеди. Оның дөретиўшилик шығармалары 1968-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан «Ғамхорлық» деген ат пенен ҳәм де 1978-жылы «Таныс жол» атлы гүрриңлер топламы баспадан шығады.

«Танылған тулғалар» рубрикасы астында «Ағалар ядқа түскенде…»[20] атлы очеркти филология илимлериниң кандидаты жанызақ Есенов жазған. Бул портрет-очеркте тийкарынан филология илимлериниң докторы профессор жазыўшы, ҳәм сыншы Қонысбай Камалов ҳаққында жазылған. Оның өмир жолы, әдебият тараўындағы дөретиўшилик жумыслары, уллы илимпаз, шайырлар ҳаққында жазған мақалалары сөз етилген. А.Қудайбергенов жазған очерк «Шыпакер атын ардақлап» деп аталады.

Гиппократ антын ишип, шыпакерлик кәсибин таңлаған инсан әмиўдәрьяның ғырра жағасында жайласқан, қыпшақ аўылында туўылып өскен Кенжебай Янгибаев еди. Ол самарқандтағы медицина институтының емлеў шыпакери қәнигелиги бойынша 1963-жылы питкерип келип «Ҳәр кимниң туўылып өскен жери мысыр шәҳәри» дегендей өзиниң туўылып өскен жери қыпшақ елатынан өмир жолын баслайды. 1965-жылы республикалық онкологиялық диспансериниң ординатурасында оқыўын даўам етип, жас шыпакер К.Янгибаев усы жерде хирургиясының сырларын, операция сырларын үйренеди. Хирургия бөлиминде жумыс ислеп жүргенде тосаттан сум әжел оны арамыздан алып кетеди. «Устазсыз шәкирт болмайды» дегендей

[20] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 24-декабрь 2009-ж. №154 саны

азғана ўақыт ишинде шәкирт таярлаўға да үлгереди. Бүгинги күнде изинде қалған шәкиртлери Илҳам Мамбетмуратов, Лариса Николаевна, сондай-ақ қызлары Диларам ҳәм Гүлнара Янгибаевалар әке жолын даўам еттирмекте. Газетаның 2009-жылғы 22-декабрьдеги №153 санында «мәдениятымыздың мақтанышы» атлы рубрикасында Өзбекстан халық артисти Нажиматдин Аңсатбаевтың портретине штрихлер» атлы портрет-очеркин қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген қурылысшы жумамурат Әбдимуратов жазған. Бул очеркте Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов Ақсарайда конститутция байрамы мүнәсибети менен Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўриаты, Өзбекстан халық артисти, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сазлы театрының директоры Н.Аңсатбаевтың көкирегине өз қолы менен орденди таққанда Кажиматдин аға алғыс сөзи ретинде:

«Бул орден қарақалпақ халқына, оның сәниятына, Президентимиз тәрепинен көрсетилген үлкен исеним, жоқары ҳүрмет»[21] - деген еди. Театрдың Жан күйери, пидайысы, баўыр етине айланған Нажиматдин аға қаршадай 31 жасында Өзбекстан халық артисти атағына миясар болды. Бир неше онлаған роллерди атқарыўы, театрға басшылық етиўи, қайтадан театрды ремонтлатып, 2001-жылдан баслап театрға директор болып жумыс баслайды. Өзи ислеген ўақытта бурынғы 360 адамнан 143 адамы театрда жумыс ислеп қалады. «Көрпеңе қарап аяқ узат» дегендей театрдың бас художниги Ислам Алибеков пенен бирге ислесип, жүдә әпиўайы, кем қәрежет кететуғын, жүрекке қонымлы деклорациялар исследи. Нәтийжеде халықтың кеўлинен шыға алды. Ел басшымыз тәрепинен жоқары

---

[21] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 22-декабрь 2009-ж. №153-саны.

ордени менен сыйлықланғаны бул Нажиматдин ағаның мийнетиниң жемисидур.

Газетаның 2009-жыл 19-февраль №22 санында илим пидайылары атлы рубрикада «Белгили алым, үлгили устаз» атлы мақаласында да очерклик белгилер бар. Оны физика-математика илимлериниң кандидаты доц. Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, М.Ережепов жазған. Мақалада үлгили  устаз Қанатбай Исмайылов ҳаққында жазылған. Оның өмир жолы, ислеген мийнетлери, жумыс орынлары, илимий мийнетлери ҳаққында жазылған. Бул инсан Нөкис районындағы «Шортанбай» хожалығы орайында жайласқан №3 санлы орта мектепти айрықша баҳалар менен питкерип, ең қыйын есапланған пәнлер физика, математика пәнлерине қызығыўшылығы басым болғанлықтан Ташкент мәмлекетлик университетиниң физика факультетине оқыўға тапсырып, оны «Ярым өткизгишлер ҳәм диэлектриклер физикасы қәнигелиги бойынша 1981-жылы табыслы питкерип шығады. «Ярым өткизгишлер физикасы» бойынша тынымсыз мийнетиниң арқасында мүддетинен бурын докторантуралық жумысын 1995-жылы 36-жасында Өзбекстан Илимлер Академиясына қараслы физика техника институтында докторлық диссертация сын жақлайды. Қ.Исмайылов 180 нен аслам илимий мийнетлердиң авторы. «Устаз атаңнан уллы» дегендей белгили алым ҳәм устаз, тек Өзбекстанда ғана емес, сырт еллерге де белгили, ярым өткизгишлер физикасы

бойынша жоқары қәниге ийеси екенлиги жоқарыда айтылған сөзлеримиз буның айқын мысалы екенлигин тастыйықлап тур. Қанатбай Исмайылов усындай инсанлардың бири болып есапланады. 26-февраль 2009-жыл №25 санындағы «Жақсылардың жарқын

келбети» рубрикасында «Устаз исми улығланады»[22] атлы очеркти Қарақалпақстан халық муғаллими Аяпберген Қалилаев жазған. Бул портрет-очерк болып, онда марҳум устаз Бақый Әўезжанов ҳаққында жазылған. Ол өзиниң саналы өмирин бала тәрбиясына, оларды оқытыўға, билим бериўге бағышланған пидайы муғаллим еди. Ең қыйын кәсиплердиң бири бул  муғаллим кәсиби болса да, бул инсан балаларға билим бериўге, үйретиўге жалықпас еди. Ҳәр тәреплеме саўатлы инсан десек қәтелеспеймиз. Оның мийнетин баҳалап, «Өзбекстан халық билимлендириў ағласы» 1964-жылы «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим» деген ҳүрметли атақлар берип, мийнетин жоқары баҳалаған. Газетаның 24-март 2009-жылғы №36 санында орын алған «Пидайы балалар шыпакери» атлы очеркти Е.Қәденов тәрепинен жазылған. Яғный, бул да портрет-очерк болып жоқары категориялы неонатолог шыпакер Сулыўхан Мәмбетова ҳаққында жазылған. Оның өмир жолы, жумыс ислеген орынлары, халыққа көрсеткен хызметлери, мийнет жолы ҳаққында қысқа ҳәм анық фактлер менен жазылған. Мақала фқшам ҳәм түсиникли етип берилген.

[22] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 26-февраль 2009-ж. №25-саны

# II Бап. Сатиралық публицистика ҳәм оның баспасөздеги орны

## 2.1. Сатиралық публицистиканың өзгешелиги

Жәмийетлик сиясий турмысымыздың барлық тараўлары сыяқлы халық мәнаўиятының айнасы болған көркем дөретиўшилик, соның ишинде баспасөзди раўажландырыў мәмлекетимиз, жәмийетимиздиң мудамы дыққат итибарында болып киятырғаны мәлим. Бир сөз бенен айтқанда, халқымыз әдебиятты, баспасөзди муқаддес ҳәм уллы дәргай деп биледи. Өйткени, зыялылар халқымыз қәлбин, оның жоқары мақсетлери, бүгинги турмысы, тәғдири ҳәм келешегине жақыннан билетуғын инсанлар сыпатында жәмийтимизде орны ҳәм тәсири шексиз.

Ең әҳмийетлиси, журналистлермиз өз дөретиўшилигине, жүрек ҳәмири менен таңлаған кәсибине садық қалып, миллий өзлигимизди аңлаў, халқымыздың сана-сезимин өзгертиў, мәнаўий қәдириятларымызды тиклеў ҳәм раўажланыў жолында хызмет етип киятырған тастыйықлаў ҳәр тәреплеме дурыс болады.

Әсиресе, жәмийетлик қарама-қарсылықларға дус келгенде сатиралық публицистика оларға қол келеди. Олар жәмийеттиң алдыңғы қатарында жүретуғын, өмирди гүзетип, адамлардың жүрегинде, дүнья қарасында болып атырған өзгерислерди ҳәммеден бурын сезип, оларды тәсиршең образлар, жарқын көркем баянлаўлар арқалы шеберлик пенен сәўлелендирип бере алатуғын, ел-журты ушын күйинип жасайтуғын пидайы инсанлар сыпатында публицистика майданында көринеди.

Бүгинги қурамалы ҳәм қәўип-қәтерден жырақ болмаған заманда журналисттиң инсанияттың ертеңги күнин ойлап, адамларды ийманлылыққа, инсап-диянат, меҳир-ақыбет ҳәм кең пейилликке шақырыўға қаратылған жалынлы сөзи ҳәр қашанғыдан да үлкен әҳмийетке ийе болмақта.

Жетискенлик ҳәм кемшилик, әдиллик ҳәм әдилсизлик, жоқары мәртебе ҳәм нәпсиқаўлықты айырып бериўде сатиралық публицистиканың хызмети үлкен. Хош, сатиралық публицистика ҳаққында биз не билемиз?

Президентимиз И.А.Каримов «Өзгерислер ҳаққында терең анализ бериў, бул жолдағы тосқынлық ҳәм қарсылықларды ҳақыйқый түринде көрсетип бериў, оларды сапластырыўға жәрдем көрсетиў ғалаба хабар қураллары хызметкерлериниң ўазыйпасы болып табылады»[23] - деп көрсеткен еди.

Республикамыздың публицистлери, журналистлери көрсетилген бул пикирден дурыс жуўмақ шығарыў ушын заман талабына сай публицистиң дөретпелерди жәриялаўға ҳәрекет етпекте.

Негизинде публицистика дегениниң өзи не? Сабақ публицистикасын изертлеўши белгили илимпаз ҳаққында былайынша түсиник береди. «Публицистика латын тилинен аўдарылғанда (латынша «Publikus») «жәмийет» дегенди билдиреди. Бирақ, оның жәмийетлик турмыстағы роли әҳмийетли хызмети, әсирлер даўамында конкрет түсник пайда етеди. Яғный, публицистика дөретиўшилик түри әдебияттың бир үлгиси сыпатында заманның әҳмийетли проблемаларына ҳәзир жуўаплылық пенен жазылған, көпшиликке арналған жәмийетлик-сиясий әдебият деген мәниге ийе.

---

[23] Каримов И.А. Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. Т.: «Ўзбекистон». 2007. 47-бет.

Публицистика ҳәр бир мәмлекетте, халықта оның мәдениятының пайда болыўы менен дүньяға келди. Түрли мазмун ҳәм формада жетилисип барды. Сол жағынан қарағанда публицистика узақ тарийхқа ийе.[24]

Публицистиканың қүдирети сонда, он арқалы ҳәр қыйлы усылларда турмыстыңтүрли-түрли сырларын шешиўге туўра келеди. Айырым ўақытлары айтыўға туўры келсе, екинши бир жерде тәжирийбе ҳаққында ал және бирде теориялық қағыйдаларды түсиндириўге ҳәм адам характерин ашып бериўге ҳәрекет етиледи. Сол ушын да публицистика өз нәўбетинде бир неше жанрларға ҳәм тармақларға бөлинеди. «Ол дәслепки өзиниң ишки белгилерине қарай үш бөлимнен информациялық, (хабар бериўши), аналитикалық (сыпатлаўшы, талқылаўшы) ҳәм көркем-публицистикалық жанрлар топарынан турады. Ал, өзиниң бағдарланыў тараўы яки сәўлелендириў усыллары бойынша жәмийетлик-сиясий, илимий, әдебий-көркем сатиралық ҳәм басқа да публицистика болып бөлинип кетеди» - деп көрсетеди М.Худайқулов.

«Балаларымның үлкени қыз. Жаналиева Паршагүл деген, быйыл он алтыда.

- Ал, тағы?

Қосбармақова Қаншайым, он төртте.

Қосбармақова? Жигит аң-таң болып биресе келиншекке, биречe қолындағы справкаға қарады.

Әдепкиси Жаналиева еди, сиз алжасып турған жоқсыз ба?

Неге алжасаман? Өз қызымның фамилиясын табыстырып бәле көринип пе?

Екеўи еки фамилияда болғанына қарап айтып турман-дә.

---

[24] Нызанов М. Справка «Еркин Қарақалпақстан» 2006-жыл 27-март.

Екеўиниң әкеси еки бөлек болған соң, фамилиясы да бөлек болады-ғо, қәйним.

Кеширерсиз – деди хаткер жигит қысынып. Тағы кимлер бар?

Әйтимбетова Гәўҳар, он еки де. Бул үшинши қызым.

Әйтимбетова? Үшинши қыз Астаўпыралла бала! Ал, тағы?

Қуўандықова Қалжанбай, он бирде. Ол ул балаларымның үлкени»[25]

Бул қатарларды оқып отырып, қосымша түрде сыпатлаўсыз-ақ көз алдымызда өзиниң жаман ис-ҳәрекетлери менен оғада жеңил тәбиятлы, опасыз, ар-намыссыз ҳаялдың образы жәмийетлик күлки тәсиринде және де айқын қәлиплеседи. Солай екен, сатиралық публицистиканың қәлиплесиўинде комизмниң орны айрықша екенлиги көзге түседи. Ал, сатиралық публицистика тили сатиралық тил менен публицистикалық тилдиң өз-ара беккем синтезинен (бирлесиўинен) пайда болады. Онда сатиралық тилдиң барлық бай мүмкиншиликлери менен бир қатарда публицистикалық жаўынгерлик факт тийкарында қурылған шығармаларда болса белгили дәрежедеги жуўмаққа шекем пайда болады. Усы тийкарда сатиралық публицистиканың жанрлық қәсийети қәлиплеседи.

Сатиралық публицистиканың және бир өзгешелиги оның жанрлық қәсийетлеринде көринеди.

Сатиралық публицистиканың тийкарғы жанрлары фельетон ҳәм памфлет. Бул екеўи сатиралық публицистиканы жүзеге шығарыўдағы баслы жанрлар. Ал, өз гезегинде айырым мақала, заметка, есап, репортаж, хабар ҳәм тағы басқа публицистикалық жанрларда да сатиралық публицистиканың үлгилерин көриўге болады.

---

[25] Муҳаммадиев Р. Публицистика жанрлари. Т.: 1979. 8-бет.

Бизиң магистрлик диссертация жумысымыздың объекти болған «Еркин Қарақалпақстан» газетасында сатиралық публицистика «Дигирман» арнаўлы бети материалларда, «Аўыл әңгимелери», «Турмыстың ғалма-ғаллары» рубрикалары астында жәрияланған. Жазыўшылардан М.Нызанов, С.Жумағулов, С.Әжимов, журналистлерден Е.Ерманов, О.Сәтбаев, Б.Бекмуратовтың дөретиўшиликлеринде өз сәўлелениўин тапқан.

Б.Тилеўмуратовтың «Сиз дәмегөй емессиз»[26] фельетонында жәмийетимиз ушын жат иллет парахорлық сынға алынады. Әсиресе, оның түп-тийкарғы оқыў орынларда көзге тасланыўын автор қаралайды.

Ал Б.Бекмуратовтың «Соңғы» ханаларда соңғы жигитлер[27] фельетон орнына Айдары астында берилген публицистикасында инсан ҳуқықлары қорғалып, оның мәни ҳәм жәмийеттеги орны айтылады. Автор Кегейли районындағы 49-санлы орта мектептиң 9-класс оқыўшыларына бес күнлик жуўмақлары шығарылса да мийнет ҳақысы берилмей атырғаны сынға алған.

Публицистиканың батырлығы, сатираның өткирлигин журналистлеримиз әмелде көрсете биледи. Оларда биринши қарас, жоқары дөретиўшилик шеберлик бар. Олар инсанның бүгинги тәғдири, ертеңғи күнине бийпарық емеслигин көрсетеди.

Усы орында Президентимиз И.А.Каримовтың көркем сөз усталары ҳаққында билдирген пикирин айтып өтсек:

«Мениң пикиримше, жазыўшылық – бул әпиўайы кәсип емес, бул Аллатаала берген талант. Бул қысыўмет, пешанаға жазылған тәғдир. Бул кәсипке ҳеш жерде оқытып, үйретип болмайды. Жазыўшылықтың мектеби де, университете де биреў. Ол да болса бир

[26] «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл, 24-январь №11
[27] «Еркин қарақалпақстан» 2006-жыл 7-ноябрь, №134.

өмир турмыстың ишинде болыў, өз халқы менен дәртлес, ҳәм нәпес болып жасаў, ҳақыйқат ҳәм әдалатқа садықлық пенен хызмет етиў».[28]

Бул келтирилген баҳа журналистлерге тийисли. Себеби олар турмыстың ишинде болып, халық дәрти менен жасайды.

Қарақалпақстан баспасөзи ушын сатира жаңа жанр емес. Оның түп-тамыры тереңде, классик әдебиятқа да бар. Бердақтың «Салық», «Заманда», Күнхожаның «Умытпаспан», «Түйе екенсең» қосықлары сатиралық дәстүрлердиң басламасы болса, Т.Жумамуратовтың «Тон менен төбелес» - өтмиш ҳәм келешек ортасындағы көпир десек болады.

Баспасөз бетлеринде орын алған М.Нызанов, С.Жумағулов, Қ.Ерниязов, С.Әжимов, Ж.Шамуратовтың сатиралық публицистикасында дәуир арпалысы да, ишки руўхый кеширмелер де, дәстүр ҳәм заманагөйлик те бар.

Жазыўшының сатирасының күшлилиги, өткирлиги сонда, оның сатирасына илинген фактлер адресли болмағаны менен, гәп кимге тийисли екенлигин, оның адресин зейинли, сезгир оқырман дәрҳал билип алады. Сатираны, юмарды түсиниў, шығармаларында қоллана билиўдиң өзи талант. Жазыўшының қайсы дөретпесин  алып қарасақ та, онда турмыслық ҳақыйқатлық шебер дәрежеде сүўретленгенлигин көремиз. Келешекти «былш» етип айтпастан, оны спайы түрде иштерли сөзлер ҳәм орынлы детальлар менен баянлаў авторға тән услуб есапланады.

Жазыўшы фактлерди турмыста қалай болған болса, солай алмастан оларды жыйнақластырады, типлестирип сатираның оқыўшыларға болған тәсирин күшейтиў ушын көркемлик шеберлик пенен қайта ислеп шығады.

[28] Каримов И.А. Әдебиятқа итибар - мәнаўиятқа келешекке итибар. «Халқ сўзи». 2009-жыл 3-июль.

Негизинен алғанда сатиралық әдебият пенен сатиралық публицистикалық да ең баслы мәселе-жәмийетшиликке жат иллетлер болып ол турмыста объектив түрде бар болған ўақыяны ҳалатына көркем ҳәм публицистикалық қураллар арқалы оқыўшыларға жеткерип бериледи. Сатиралық публицистикалық тийкарғы жанрларынан бири болған фельетон жанрында фактлер анық ўақыялыққа таянған ҳәм анализ избе-излиги сақланған болады.

## 2.2. Фельетон ҳәм памфлет жанрларының жәмийетлик турмысқа тәсири

Жәмийеттиң раўажланыўы басқышында бәрхә қарама-қарсылықлары болып келгени бәршемизге мәлим. Күшли менен әзилер, ҳәр түрли топар ўәкиллерине наразылық жеңил ҳәм ашшы күлкиге алынған. Бул - сатира ҳәм юмор деп аталыўшы жанрлардан өз көринисин тапқан.

Пикиримизди және де раўажландырып айтатуғын болсақ: «сатира менен юмор жәмийетлик сынның ең өткир, тәсиршең эстетикалық түри болып, жәмийеттиң раўажланыўының объектив нызамы – ескилик пенен жаңалық ортасындағы қарама-карсылықтың өзине тән көринислеринен ибарат. Бул қарама-қарсылық гүресинде жаңалық өзи ушын жол ашар екен, өмирдеги гөнерген, өз өмирин жасап болған ҳәм тарийхый раўажланыўға тосқынлық етиўши тәртип пенен көз-қарасқа қарсы гүресте сатирадан, жәмийетлик күлкиден кең пайдаланылады. Бул сатиралық публицистиканың жүзеге келиўшиде баслы белги».[29]

Сатиралық публицистиканың жанрлары – фельетон ҳәм помфлет. Мақала, заметка есап, репортаж, хабар ҳәм тағы басқалар публицистикалық жанрларда да сатиралық публицистиканың үлгилерин көриўге болады.

Фельетон – (француз тилинен алынған «бир бет қағаз») киши көлемли, публицистикалық руўхтағы көркем тил ҳәм сатираға бай, күлкили юморлық шығармаларға айтылады. Фельетонның объекти – адамлардың қәте ҳәрекетлерин сынға алады.

---

[29] Есебаев Қ. «Сатиралық публицистика ҳаққында нелерди билемиз?» «Еркин Қарақалпақстан», 1999-жыл 14-декабрь.

**Памфлет** – (грекше «рап» ҳәммеси, fhlego – «жағаман, күйдиремен») өткир сатиралық дөретпе болып, сынға алынып атырған жаўызлықты жоқ етиўге қаратылған.

Фельетонлар болса биротала жоқ етиўди мақсет етип қоймайды. Бизге белгили, фельетонның объекти – қандай да бир жәмийеттиң раўажланыўына кери тәсир етиўши, ҳәр қыйлы иллеттиң тарқатыўшысы, айыпкери болып табылады. Буны критикалай отырып, биз өз алдымызға оның сапасын тазалаў, жәмийеттиң бундайларға қарсы шара қолланыўы уқсаған мақсетлерди қоямыз. Бул душпаларға қарсы гүрес емес, ал адамлардың қәте ҳәрекетлерин сынға алыў.

Памфлет – сиясатқа қарсы сөз – қарасларды, бул көз-қараслардың психологиясын, реакцион идеологиясын ҳәм конкрет тарқатыўшыларын, жәмийетлик системасын ҳәм бул жәмийетлик системасының ўәкиллерин ашып бериўши сатиралық көркем-публицистикалық дөретпе. Памфлете критика ашып бериўши, ашшы күлкиге алыўшы, кери сиясий-идеологиялық шөлкемниң тийкарғы ҳәкиллерин сынаға алыўшы сатиралық пикирли характерге ийе. Памфлеттиң қураллары да өзине тән характерге ийе, онда ирония, сарказм, гротекс кең қолланылады.

**Фельетон** – берилген ўақыя, фактке байланыслы жазылады. Оның ўазыйпасы усы факт яки ўақыяның жәмийетлик мәнисин анықлап бериў.

Бюрократияның, парахатлықтың конкрет тарқатыўшыларын сатира жәрдеминде әшкаралаў жетерли емес. Усы бюрократизиниң, поратизмниң, парахатлықтың мәнисин, себебин терең ашып бериў керек ҳәм ол жаўызлық таратыўшылары өзлери қәлесин - қәлемесин объектив түрде мәмлекетке халыққа зыян тийгизип атырғанлығын

көрсетип бериў керек. Бул ой-пикирлер соңғы жуўмақ сыпатында ҳәр бир фельетонда бериледи.

Мине бул жанрларда Муратбай Нызанов дөретиўшилигиниң баслы өзеги есапланады.

Жәмийетте жүз берип атырған унамсыз иллетлерди дәл айтпастан, оны «сыпайы» түрде мысқылы сүўретлеў Муратбай Нызанов дөретиўшилигиниң тийкарғы объекти.

Фельетон жанрында образ дөретиў ушын көркемлеў қуралларынан шебер пайдаланып, фельетонға күлки «бояў» бериўде автордың шеберлиги баслы орынды тутады.

Фельетон жанрында қаҳарман образы диалог ҳәм монологлар арқалы да ашып бериўи мүмкин.

Жазыўшы алған темасынан қаншама дәрежеде мазмунлы екенин, қандай мақсетти гөзлеп жазып отырғанын өзи пайдаланбақшы болған көркемлеў сөз қураллары белгиленген мәселени шешиўге қәншелли жәрдем бере алатуғынын ойластырыў керек. Буны мысаллар арқалы көрип шығамыз.

Муратбай Нызановтың «Автобустан кеш қалмаң»[30] фельетонында халықтың жыллар бойы күтип киятырған троллейбус депосы қурылысының демде питип, түстен кейин жүрип кеткенлигин таңқаларлық, нырыққа сыймайтуғын бул қубылысты түсинде көрип атырған қаҳарман тилинен береди. Бул жердеги қаҳарман менен баслық ортасындағы қызық диалогы бериледи:

Ҳүрметли баслық депо қурылысының бирден питип қалыўы сизге қалай тәсир етти?

- Талып қалдым.

- Демек, Күтпегенсиз ғой?

---

[30] «Еркин Қарақалпақстан» 2006-жыл 12-январь №4

- Әлбетте биз сексенинши жыллардан бери ҳәр жаңа жылда «быйыл Нөкисте троллейбус жүреди» деп ҳәде берип киятыр едик. Енди алдымызда киятырған жаңа жылда не деймиз! Буйырса жақын арада троллейбус депосы қурылысының питиўи ҳаққындағы ўәдениң он жыллығын белгилеймиз» - дейди автор.

Жәмийеттеги қарама-қарсылықлар нәтийжесинде фельетон жазылады. Онда көтерилген проблема социаллық әҳмийетлилиги менен қунлы болып есапланады. Усындай пикир таласына себеп болған фельетон З.Өсербаеваның «Ким кимди алдап атыр?»[31] деп аталады.

Фельетонда Нөкис-Ташкент маршуртындағы мәмлекетлик белгиси 23 А 58-00 болған автобустағы ўақыя сөз етиледи.

«Саат 12 де жүреди деген автобусымыз 5 не шамаласқанда толды.

Шофёрдың дем алыўы ушын қолдан исленген орнына артықша 3 адамды дизерлетип отырғызып, толық жол ҳақысин өндирип алған Турсынбай кеўли жәм еди. Жолаўшылардан ақшаны толық жыйнап алған «Турсынаймыз қубладағы автостанцияға келгенде түсип қалды».

Фельетон мине усылай басланады. Қараңғы түсип, автобус биресе оңға, биресе шепке теңселик, жолаўшылар Алла-алла менен отырған автобус Бухара постында иркилди. Ўақыялар избе-излиги сонда, шофёр бир өзи жәрдемшисиз жолға шыққан. Усы орында автор «Күн батарға емес, таң атарға жүр»

деген халық нақылын орынлы келтирген. Ярым жолға келгенде автобус кейинге қайтарылады.

«Ташкентке жол алған автобус Бухарадан изинен қайтарылды. Буған тийкарында Ким айыплы? Автобус рейске шықпастан алдын

[31] Өсербаева З. Ким кимди алдап атыр? «Еркин Қарақалпақстан». 24-июль, 2008-жыл №89 (18615)

тексерилип жоллама  берилмейме? Неге енди адамлар жол ортада себепли шығып, Кимниңдур мәни ушын итибар көриўи керек? Ким кимди алдап атыр?» - деп сораў қояды автор.

 хызметиндеги бундай  мәпгөйлик тек бир мәртебе болып атырған ўақыя емес. Автор Турсынбай тымсалында жеке өзиниң мәпин ойлайтуғынларды ништерли сынға алады.

Фельетон бир неше хызметкердиң образы бар. Аўзынан «ақ ийт пенен, қара ийт шығатуғын» Турсынбай, Оның сөзлерин табжылмай орынлайтуғын Ислам, сөзин өткере алмайтуғын Бекбай шофер ҳәм түнде нәўбетшиликте турған посттағы ишки ислер бөлимихызметкери. Бул қаҳарманлардың тек биреўи ғана пуқаралардың мәпин ойлайды.

«-Ҳаў, Нөкис – Ташкент аралығы 1200 шақырып болса, өзиң түнде киятырсаң, жолда уйқлап кетпеўине ким кепил. Сизлерди өткере алмайман, - деди пост хызметкери».

Ҳәрким өз ўазыйпасын билип ислегенде бундай жолда «себил болмас» екенлиги автор уқтырғысы келеди.

Турсынай образын автор диологлар менен сүўретлейди: «Сары сынлыдан келген, келте шашлы апай бизлерге қарап.

- Қәне Ташкентке ме? Нешеўсизлер, бизиң автобус саат 12 де жүреди. Алдыңғы орынлар ушын залогқа 5-10-мың берсеңиз болғаны, асықпай түсте келебересиз, - дед иол өзин Турсынайман деп таныстырып атырып».

Дәслепки ушырасыўда-ақ өзиниң сум ҳәм мәпгөйлигин билдириўди исбилермен ҳаялдың образы усылай ашылды.

«Саат 12 де деген автобусымыз 5 ке шамаласқанда толды», - деп жазады автор.

Келтирилген мысалдан көринип турғанындай бул орында тәртип-интизамның өзи жоқ. Рейс белгиленген ўақытқа жолға түспейди. Автобустың техникалық көриги былай турсын, ҳәпте шофер ҳәм оның жәрдемшисин таярлаў ислери жоқ. Аўдаўшылардың дем алыўы ушын белгиленген орынға да автордың тили менен айтқанда, «дизерлеп үш адам отырғызылды».

Фельетон ушын таңлап алынған тема күтә актуал. Узақ жолға айланған ҳәр қандай жолаўшы транспорт хызметиндеги бундай қолайсызлықларға наразы болары сөзсиз. Атамасы да ҳәм, туўры қойылған. Ҳақыйқатында да, ким кимди алдап атыр? Сораў астында еки бағдар бар. Биреўи – тийисли орынларға, екиншиси жәмийетшиликке қаратылған.

Сатиралық жанрлар тийкарында ирония, сарказм, сатира жәмленген. Сонлықтан бул түсиниклерди юмордан ажырата билиў керек.

Юмор-күлкили, күли оятыўшы унамлы ҳәм унамсыз қубылысларды баянлайды. Сүйиклиңниң унамсыз тәрепин юмор менен күлип айтыў мүмкин. Юмордың бағдары күлки менен өлшенеди.

Ирония юмор көрсеткен бирликти бөлеклерге бөледи. Ол жақсыны жаманнан, идеалды ҳақыйқатлықтан, унамсызлықты унамлы нәрседен ажыратып береди. Күлкили ҳәм көримсиз көринген нәрселер сыртқы қабықтай болып бөлип алынады ҳәм ирониялық өткир күлкиге алынады. Басқаша етип айтқанда, ирония адамның ең унамсыз тәрепин белгилеп көрсетеди.

Егер зат яки адам үстем күш сыпатында көринсе, ирония, өткир, жаўыз, жалынлы сарказмге айланады. Бир тегис ҳәм әпиўайылықтан, өз қарсыласы менен гүресиўши күшке айланады, ол тек бийкарлап

қоймастан ең жақсы нәрселерге умтылады. Ол көтериңки болыўы мүмкин, бирақ майда ҳәм унамсыз емес.

Демек юмор-адамлардың унамсыз, әззи тәреплерин жеңил күлкиге алыў, сатира-өткир ҳәм кескир күлки. Олардың өзгешелиги күшинде емес, ал объектке автордың қатнасында көринеди. Объекттиң унамлы яки керисинше, унамсыз тәрепин белгилеп береди. Юмор ҳәм сатира – бул ҳәр түрли мақсеттеги комедия. Сатира жәмийеттиң унамсыз қубылысн сынға алыў ушын қолланылатуғын комедия. Басқа барлық жағдайларда ол юмор есапланады.

Егер газетадағы мақалада конкрет факт, оның айыпкерлери, анық мәнзили көрсетилген сын болса, сатиралық мақалада иронилық комментарийға зәрүрлик бар.

Комментарий арқалы авторлар персонажлардың исин ҳәм сөзин паралел қойып, контраст усылда баянлайды. Бундай усыл Сатиралық ретуш бериўде қолланылады.

Ирония тийкарында фельетон да жазылады. Фельетон сатиралық көркем-публицистикалық жанр болып, унамсыз факт ҳәм ҳәдийселерди ашып береди. Фельетонлық факт еки ўазыйпаны атқарады. Биринширси, факттиң жәмийетке унамсызлығы болып, оқыўшыда жек көриўшилик оятады. Екиншиси, сол факттиң комедиялық мазмуны болып, күлкиге қурылады. Екинши ўазыйпа өз мақсетине жетеди, егер қаҳарман қуралы ҳәм мақсети, форма ҳәм мазмуны, сөзи ҳәм иси, қуралы ҳәм мақсети, форма ҳәм мазмуны, сөзи ҳәм иси идея ҳәм бирлиги сәйкес келсе.

Фельетон – бул үш нәрсениң синтези: публицистика, сатира көркемлилик. Публицистикада факт конкрет, актуал. Сатирада фактке сатиралық анализ жасайды. Көркемлилик-сатиралық образ жасаўдың тийкары.

Сатиралық образ көркем образ сыяқлы дилектикалық бирлик, жеккелик пенен улыўмалық, диалектика менен типиклик бирлеседи. Фельетонның газеталық формасы фактлерге тийкарланса, әдебий формасында фантазияға зәрүрлик бар. Факт ҳәм фантазияның кесискен орнында сатиралық образ пайда болады.

Фельетонда бир қанша образлар бар. Образ – персона-әмелдар яки жеке адам, ол жаўызлықты алып жүриўшиси. Образ-тезис-анализленип атырған фактти анализлеўде хызмет етеди.

Сатиралық типиклестириўдиң әҳмийетлик қуралы болжаў есапланады. Қаҳарман портретин жасаўда болжаў арқалы сатиралық элементлерди толықтырыў мүмкин.

Памфлет – тез тәсир етиўши дөретпе болып, оның басланыўындағы сатира сарказм ҳәм экспрессивликти билдиреди, ол публицистикалық характер оперативлиги, күнниң әҳмийетли темасы екенлиги, ҳүжжетлилиги ҳәм көлеминиң кеңлиги менен характерленеди. Памфлет - әдебият ҳәм журналистикадағы сийрек ушырасатуғын жанр. Ол үлкен тарийхқа ийе. Эрзам Роттердамскийден (1515 год «Письма темных людей») басланып, Франсуа Рабле (Гаргантюа и Пантечрюэль, 1534), Даниэль Дефо «Кратчайший путь расправу с диссертерами» памфлети ушын дүньядан өтти. «Философиялық хатлар» памфлет ушын П.Чаадаев ақылы зайылға шығарылды.

Памфлете келтирилген конкрет факт жәмийетлик қатнаслар менен салыстырылып үйрениледи. Ярослав Галанның «Плюю на папу!» (18-июль, 1949 г) памфлетинде католиклик ширкеўи сынға алынады. «1949-жыл 13-июльда мениң өмиримде айрықша ўақыя жүз берди: Папа Пий XII мени ширкеўден айырды. Булаўды анасынан айырғандай айырды. Ескертпеди де» - деп баянланады памфлете.

Думанлы орта әсирлерде де жәмийетлик жәмийетлик қатнасларға паразылықлар усылай билдирилген. План памфлети басып шығарылғаннан кейин оның қоллары кесилди.

Заманагөй публицистлер арасында «Известия» ның халықаралық журналисти Мэлор Стуру өзиниң памфлетлеринде дүньяжүзилик ҳәдийселердиң орайына белгили сиясатшыларды қояды. Соңғы ўақытта памфлетлер жоғалып кетти, ҳәтте фельетонлар да сийрек жазылмақта.

Бизлер газетада жанрлары ҳаққында сөз еттик. Бул нәрселерди эфир журналистикасы бойынша да айтыўға болады. Мысалы, телевидениедеги информациялық, жанрларды хроникаға киргизиў мүмкин. Хабар видеосюжет интервью – прессконференция, есап, репортаж жанрлары бар. Аналитикалық жанрлардан – корреспонденция, сәўбет, дискуссия, комментарий, көркем-публицистикалық жанрлардан – очерк, сүўретлеме, эссе ушырасады.

Соңғы дәўирде материаллардың формасы, мазмуны ҳәм характери кеңейди. Информациялық жанрлар комментарий менен берилип аналитикалық түске енди. Көпшилик баспаларда жанрдың жаңа түрлери пайда болды. «Журналистлик тексериў» рубрикасында таярланған материалларда журналист позициясы, репортаж, корреспонденция, очерклерде ҳүжжетлерди үйрениў бар. Басқа жанр элементлерин дәстүрий жанрларда ушыратамыз. Мысалы, корреспонденцияда сүўретлемениң яки репортажлардың көринислери көринеди.

Бөлимимизге жуўмақлар жасайтуғын болсақ, журналистика социаллық инстиут сыпатында ғалаба хабар қураллары арқалы жәмийетлик процесске тәсир етеди, сиясий турмысқа актив

араласады, социаллық қатламлар атынан сөйлейди, олардың мәпин қорғайды. Бул бағдарда публицистика тийкарғы қуралы есапланады.

Өзиниң социаллық қатламын қорғай отырып ғалаба хабар қураллары басқа қатлам менен жақсы қатнаста болыўы керек, қарсыласыўдан қорқпайды, керсинше жәмийетте еркин ҳәрекет ете алады.

# III Бап. «Еркин Қарақалпақстан» газетасында көркем-публицистикалық жанрлардың тематикасы ҳәм проблематикасы

## 3.1. Сүўретлемелердеги тематикалық ҳәм көркемлик изленислер

Бизиң баспасөзимизде сүўретлеме, очерк таярлаўда журналистлик шеберлик пенен жәмийетке жеткизиў барысында журналистика жанры, теориясы, практикасы ҳәм журналист этикасына байланыслы билимлер талап етиледи. Журналист шеберлигин билген кәниге ҳәр бир сөз устасының, ғалаба хабар қураллары менен хабар дереклерин, оның жәмийет пенен мүнәсебетиниң журналист өниминиң жарыққа шығыўында, дәўир машқаласыныц сәўлелениўиниң, өз дәўириндеги журналистика жетискенликлериндеги орны сыяқлы мәселерди өзлестириў тийкаргы ўазыйпалары болып есапланады.

"Публицистикалық шығармалардың ўақыяны анық ҳәм мазмунлы сүўретлейде, фактлердиң избе-излигин сақлаўда ҳәм оныц тәсиршеңлигин асырыўда газета тили, композициясы ҳәм журналистлер стили эҳмийетли орынды ийелейди. Композиция, тип ҳәм тил журналистлик шығармалардың шеберлик белгилери болып есапланады. Журналистлер тәрепинен машқалаларды жарытыўда, ўақыяны сүўретлеўде ҳәм пикирин газета окыўшыларына жеткерип бериўде форма элементлери есапланған композиция, тил ҳәм стил шеберликлерин кең жарытып бериў имканиятларына ийе. Бул бағдарда ҳәр бир журналисттиң улыўмалык өзине тән усыллары бар.

Әлбетте, мақаланың структуралық дүзилиси, типин ҳәм стили алдынан шаблон тәризинде белгилеп қойылмайды. Бир журналист дөретпесиниң композициясын жаратыгў ҳәм ўақыя ҳаққында гүрриң етиў,

фактлерди жайластырыў яки "ойнатыў" усыллары басқа журналистлердиц жазыў стилине уксамайды. Олардын жазыў усылларының мәлим бир қәсийетлери ҳәм элементлери бир-биринен ажыралып турады. Бул ҳәр қыйлылық журналистлердиң ислеўши киши кәрханалар ҳәм усы сыяқлы нәрселердиң болыўы зәрүр екенлигин анық факторлар менен анализ жүргизеди. Солай етип, ҳәр бир журналисттиң өз жазыў усылы бар екен, олар журналистикадағы жанрларды да биреў пайдаланып қоймай, оны түрлише пайдаланса, ол да журналисттиң шеберлиги болып есапланады».[32]

Сүўретлеме жанрына тийкар етип алынған факт өзиниң жаңалығы менен басқаларынан ажыралады. Усындай ҳәммени толқындырған ўақыя ҳаққындағы А.Ембергеновтың сүўретлемеси «Отыз еки қуўаныш» деп аталады. Сүўретлеме былай басланады:

«Байрамның саўғасыз болмайтуғыны ҳәммеге түсникли. Гәп оның үлкен-кишилигинде, арзан яки қымбатлығында емес, ал шын кеўилден берилиўинде. Пүткил елимиз бойлап ҳүким сүрип атырған Наўрыз әййями қарсаңында тақыятаслы отыз еки жас шаңараққа инам етилген таза имаратлардың гилтлерин ҳақыйқый байрам саўғасы десе арзыйды.

Қаланың қубласындағы 10-санлы мәкан пуқаралар жыйыны аймағында бой көтерген бул саўатлы турақ жай «Өзбекэнерго» мәмлекетлик акционерлик компаниясы «Тақыятас ыссылық энергия станциясы» сыңар кәрханасы «Тақыятасгидроэнергоқурылыс басқармасы жәмәәтиниң исте сыналған қолы гүл қурылысшылары тәрепинен оғада қысқа мүддет ишинде қурып питкерилди».[33]

Энеретиклер қаласы деп аталыўшы Тақыятас қаласындағы бул ўақыя пүткил республика халқы ушын әҳмийетли қуўаныш. Автор

---

[32] Засурский Я.И. «Искушение свободой». Россиская журналистика. М., 2004. 192-бет.
[33] Ембергенов А. Отыз еки қуўаныш. «Еркин Қарақалпақстан» 25-май, 2008 №37.

бәршеге шадлық алып келген қурлысшылардың хызметин айрықша атап өтиўди мақсет еткен. Ол бийкарға мийнет жәмәәтин «исте сынаған» деп атамайды. Автордың дөретиўшилигин бақласақ оның композиция жаратыў, ўақыя ҳаққында гүрриң етиў, фактлерди жайластырыў яки «ойнатыў» усыллары басқа дөретпелеринде тәкрарланбаслығын ушыратамыз. Бул жазыў усылындағы ҳәрқыйлылық журналистлик шеберлик, деп аталады.[34]

Сүўретлемеде ўақыяны анық ҳәм мазмунлы сүўретлеў, фактлердиң избе-излигиниң сақланыўы гүзетиледи. Тәсиршеңликке ерисиўде бул баслы критерия болып табылады.

«Улыўма сметалық нырқы 921 миллион сумды қураған бул имарат төрт қабатлы. 32 квартиралы болып, оның ярымы еки, ярымы үш ханалы квартиралардан ибарат. Имаратта жас хожалықлардың жақсы турмыс кешириўи ушын барлық қолайлы шараятлар жаратылған. Ыссы ҳәм муздай суў үзиликсиз ағып тур. Газге, суўға ҳәм электр энергиясына есаплағыш үскенелер орнатылған. Бул имаратты Президентимиздиң 2007-жыл 18-майдағы «Жас шаңарақларды материаллық ҳәм мораллық қоллап-қуўатлаў бойынша қосымша илажлар ҳаққында»ғы Пәрманының ҳәм быйылғы «Жаслар жылы» мәмлекетлик бағдарламасы талапларының орынланыўының әмелий көриниси деп айтыўға толық тийкарлар бар. Соны да айрықша атап өтиў керек, бул усы пәрман шыққаннан кейин республикамызда қурылған биринши имарат».

Келтирилген мысалдан көринип турғанындай автор бир неше фактлерди избе-из келтиреди. Сүўретлемеге қойылған отыз екиниң не екенлиги айқынласады. Оқыўшы көз алдында тек имарат емес, ондағы социаллық қолайлықлар да сәўлеленеди, эмоционаллық тәсиршеңлик оянады. Ең үлкен жаңалығы сонда, өткерилип атырған мересим

---

[34] Засурский Я.Н. «Искушение свободой», Российская журналистика, М., 1999. 192-бет.

биринши мәртебе болып атыр. Жаңалықты басқалардан бурын айта алыў да, оны оқыўшының талғамын үйренген ҳалда жеткериў де журналисттиң тапқырлығы, оперативлиги болып есапланады. Журналист тек ўақыяларды сүўретлеў менен шекленбейди, жаңа имарат гилтин алып атырғанлар менен сөйлесип, қуўанышын бөлиседи. Қысқа сәўбеттиң өзинен имарат ийелериниң қуўанышлары сезиледи. Дәўиримиздиң жаңалығы, журтымыздың абадан турмысы усылай сәўлеленген.

Сүўретлеме жанрының тематикасы күтә кең. Газетада орын алған «Жақсылардың жарқын келбети», «Ана журтым-алтын бесигим», «Аўыл пуқаралары жыйынында», «Өмир жолы өрнек инсанлар» рубрикалары астында сүўретленип жарық көрген.

«Шайырдың қайта туўылыўы» атлы сүўретлеме авторы А.Ҳәбипов. Онда шайыр Ж.Дилмуратовтың аты мәңгилестирилип, көшеге аты қойылғаны тийкарғы сюжет. Митинг ҳәм оған топланғанлардың кеўил кеширмелерине орын берилген А.Халмуратовтың «Бүгинги «Қостерек»[35] сүўретлемесиндеги ўақыя абаданластырыў ислерине арналған. Онда аўыл пуқаралар жыйынының социаллық турмыстағы орны ашылған. Ө.Өтеўлиевтың «Тәжиқал фермер» сүўретлемесинде Қанлы көл районындағы «Дәстан» дийқан фермер хожалығы ҳәм онда хызмет етиўши падашылар, шарўалар турмысы сөз болады. Ғабит Сейтжанов, Бекарыс Әжиниязов пенен сәўбетлесиў арқалы автор хожалық ағзаларының жәмийет, өмир ҳаққындағы пикирлерине қызықсынады.

Ө.Өтеўлиевтың және бир сүўретлемеси «Әўезжанның шөжелери»[36]. Автор Қанлыкөлши Әўезжан апа мысалында қусшылықты

---

[35] «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл 29-август №104.

[36] «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл 22-сентябоь №114

жетилистириў социаллық турмысты жақсылаў тийкары екенлигин баянлайды.

Х.Даўлетназаровтың «Жолдасбай ағаның қумырылары»[37] сүўретлемесинде лирикалық шегинис бар. Автор балалар шайыры Ж.Дилмуратовты еслейди ҳәм сүўретлемени арнаўлы қосық пенен жуўмақлайды.

Лирикалық шегинис ҳәм жаңалықты өз ишине алған сүўретлеме «Әмиў бойынан шыққан қос талант»[38] деп аталады. Сүўретлеме С.Жәниевке тийисли болып, автор Ғәрезсизлик байрамы қарсаңында «Ниҳол» сыйлығын алыўға миясар болған жерлеслеримизди таныстырады. Күнниң жаңалығы болғаны ушын сүўретлеме газетаның биринши бетинде жайғастырылады.

Турмыслық объект етип сүўретлеме жазыў усылы журналист Ө.Өтеўлиевқа тийисли. Ол излеп, турмысты үйренип ең таң қаларлық тема етип алады. Шаңарақта перзент туўылыўы тек сол шаңарақ ушынжаңалық болыўы мүмкин. Ал бул күнде үш перзент туўылса бул сенсация. Усындай сенсациялық ўақыя бизиң жерлеслеримиздиң турмысында да ушырасқан. «Баласы көп бай болар» атлы сүўретлеме бир шаңарақтың өмириндеги қуўанышлы ўақыяға қурылған. Сүўретлеме «Қуўаныш» рубрикасында жәрияланған.

Қанлыкөл районында туўылған бир шаңарақтың үш перзенти республикамыз ушында қуўаныш алып келди. Районлық ҳәкимият тәрепинен саўғалар тапсырылды ҳәм нәрестелердиң саламатлығын бақлап барыў ушын мийрибийке бекитилди. Бул көринис бизиң елимизде аналарды ҳәм балаларды қорғаў мәселеси мәмлекетлик әҳмийетке ийе екенлигинен дерек береди.

---

[37] «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл 20-август №100
[38] «Еркин Қарақалпақстан» 2008-жыл 31-январь №8

Усындай және бир бахытлы шаңарақ ҳаққындағы сүўретлеме «Сүйинши» рубрикасы астында жарық көрди.

«2008-жылы, 17-май, Моншақтай дизилген жулдызларға толы нөкис ақшамы. «Туран» стадионында «Нәўқыран әўлад-2008» спорт ойынларының ашылыў мәресимине жыйналған сан мың спортшылар менен ықшыпазларының жүреклерин қуўанышлар кернеген пайытлары атлыған салютлардың гүмбирлисине Қоңырат қаласындағы туўыў үйинде дүньяға келген Азамат, Надира ҳәм Ферузалардың ингәлаған даўыслары үн қосты. деп басланады сүўретлеме. Журналист Ө.Өтеўлиев «Нәўқыран әўлад» орынлары басланған күнди бийкарға киргизбеген. Өйткени, қоңыратлы жас –жубайлар Артық ҳәм Марзияның перзентлерине ат қойыў көпшиликтиң пикиринен соң таңланған:

«Кеўиллери мудам жақсы нийетлерге толы ырымшыл халқымыз, дүньяға келген ул-қызлардың исмлерин қоярда ата-анасы менен кемпир апасы, әке-шешеси, тамамы журтшылық пенен үлкен ойласық қурды. Ҳәммеси бир аўыздан спорт ойынларының қатнасыўшылары, Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстанымыздың өзлери таңлаған спорт түрлери бойынша жәҳән ареналарында байрағын жоқары көтерип жүрген чемпионлардың атларын қойыўды мақул көрди.

Усылайынша, бир ул, еки қызға футбол бойынша «Нәўқыран әўлад-2008» спорт ойынларының жеңимпазы, алтын медаль ийеси Азамат Бабажанов пенен ойынның факелин  жағыў бахтына миясар болған, кикбоксинг бойынша жәҳән чемпионы Надира Казакова ҳәм миллий гүрес бойынша Россияның Тверь қаласында болып өткен жәҳән чемпионатының гүмис медалын жеңип алған Феруза Хайтымбетовалардың исмлери қойылды».[39]

---

[39] Өтеўлиев Ө. Азамат, Надира, Ферузалар – бүгинги ҳәм келешектеги чемпионлар. «Еркин Қарақалпақстан». 2008-жыл, 3-июль №80.

Оқыўшы усы қатарларды оқығаннан кейин ғана сүўретлеме ушын таңланған теманың «Азамат, Надира, Ферузалар – бүгинги ҳәм келешектеги чемпионлар» деп қойылыўының себебин түсинип алады. Район ҳәкиминиң орынбасары Г.Ийембергенова бул саўаплы истиң басы-қасында болды. Туўыў үйиниң хызметкерлери, «Мәҳәлле» қорының Қоңырат районы бөлимшеси өз саўғалары менен келеди. Поликлиникадан бекитилген балалар шыпакери Муслима Нәбиева ҳәм мийрибийке Тазагүл Султановалардың жумыс орны бул шаңараққа көшип келгени есабы. Бүгинги күнге шекем бийтаныс болып келген жас шаңарақ ийелери Артық ҳәм Марзия мине усылай бахыт ҳәм мәртебеге ийе болды.

Шаңарақтағы қуўаныш бул сүўретлемениң тийкарғы объекти болып есапланады.

Тек ўақыяны тийкар етип жазылған сүўретлемелерге О.Сәтбаевтың «Алпысыншы дәрбенттиң 37-си бәндиргиси»,[40] Ө.Өтеўлиевтың «Дийханы бай ел – қурғын ел»,[41] «Барған жерин гүллеткен инсан»[42], П.Хожамуратованың «Ким өнермент болса, дәўраны келди»[43] сүўретлемелерин киргизиў мүмкин. Оларда лирикалық шегинис жасап қаҳарман портретин ашыўға умтылыўшылық бар. Ең баслысы олардың бәршесинде оперативлик дыққат орайда көзге тасланады.

---

[40] «Еркин Қарақалпақстан» 2006-жыл 30-ноябрь №144
[41] «Еркин Қарақалпақстан» 2008-жыл 27-март №41
[42] «Еркин Қарақалпақстан» 2008-жыл 7-июнь №72
[43] «Еркин Қарақалпақстан» 2010-жыл 15-май

## 3.2. Очерклердиң тематикасы ҳәм шеберлик мәселеси

Ҳәр қандай жәмийетте газета бәрқулла мәмлекет раўажланыўының айнасы, адамлардың санасы, дүньяқарасы, сиясий дәрежесиниң қәлиплесиўинде тийкарғы қурал болып хызмет етип келген. Бул жағдай, әсиресе, жылдырымдай өзгерип баратырған бүгинги глобалласыў заманында ҳәр қашанғыдан гөри тез раўажланбақта

Ғәрезсизликтиң шарапаты менен пуқараларымыздың дүнья қарасы, ой-өриси, ҳуқықый билими, санасы ҳәм мәдениятында түпкиликли өзгерислер жүз берди.

Жәмийет турмысында жүз берип атырған ҳәр бир ўақыя ҳәдийселердиң ҳеш бирин мәлимлеме тараўынан, ғалаба хабар қуралларынан ажыратып қараўға болмайды. Президентимиз 2010-жылдың 12-ноябрь сәнесинде болып өткен Олий Мажлис ҳәм Сенаттың қоспа мәжилисинде шығып сөйлеген баянатында: «Бүгин биз демократиялық процесслерди тереңлестириў, халықтың сиясий белсендилигин арттырыў, пуқаралардың мәмлекетимиз сиясий ҳәм жәмийетлик турмысындағы әмелий қатнасы ҳаққында сөз етер екенбиз, әлбетте, мәлимлеме еркинлигин тәмийинлеместен, ғалаба хабар қуралларын адамлар өз пикир идеяларын, болып атырған ўақыяларға өз мүнәсибетин ҳәм позициясын еркин билдире алатуғын минберге айландырмай турып, бул мақсетлерге ерисип болмаслығын өзимиз жақсы билемиз», - деп көрсеткен еди.

Жергиликли халық түрли топар ҳәм қатламлардың жәмийетлик мәплерин ҳәм қызығыўшылықларын пайда етеди. Қала берсе,

пуқаралардың жәмийетлик сиясий белсендилигин асырыў, ҳуқықый ҳәм сиясий мәдениятын жетилистириў қуралы – газета болып есапланады.

Мине, усындай хызметти «Еркин Қарақалпақстан газетасы атқармақта. Ол жоқары идея минбери болып, адамлардың қәлбине, сезимлерине тез тәсир ете алады. Пуқаралардың жәмийетлик белсендилиги ҳәм мәмлекетлик дүзим хызметиниң барлық тараўларында мийнет етип атырған заманласларымызды таныстырыўда газета хызметкерлери ылайықлы хызмет етпекте. Усы бағдарда жазылған очерклерде социаллық турмыс қатнасықларын беккемлеў, биринши гезекте инсанның өзин-өзи түсиниўи ҳәм пуқаралардың бир-бири менен мүнәсибетлери баслы орынға қойылған.

Газетада жарық көрген очерклер түрли кәсип ийелерине арналған Ш.Уснатдиновтың «Бас пенен көп иси болған» очерки қаҳарманы биринши нейрохирург Жәримбет Алланиязов ҳаққында сөз етеди. Автор очеркти бир неше бөлимлерге бөлип, қаҳарманның портретин жасайды.

«Биз көпшилик ўақытта, әпиўайылықтың уллылыққа жақын екенин, «ағаш мийўе питкен сайын төменшик» болатуғынын байқап та, мойынлап та биле бермеймиз», - дейди автор очеркиниң кирис бөлиминде. Усылай әпиўайылықтан уллылыққа жетилискен нейрохирургтың машақатлы хызмети ҳәм үлгили өмири туўралы сөз етеди.

Журналист Е.Ермановтың «Өзин балалықты қорғаўға арнады» очеркиниң қаҳарманы да шыпакер. Балалар врачы Нурлепес Өтегенов портретик ашыўда автордың қаҳарман менен сәўбети күтә орынлы берилген.

Журналист Ө.Өтеўлиевтың очерклери көп сюжетлилиги менен ажыралады. «Қойықшы», «Барған жерин гүлленткен инсан»,

«Таңжарбай сейис әңгимелери» очеркинде белгили бир кәсип сырлары ашылса, «Гүлбий» очеркинде аўыр 30-жыллар тәғдири сөйлейди.

Очерк жанрының түрли сырларын марҳум А.Халмуратов дөретиўшилигинен үйрениў мүмкин. Айтылажақ идеяны очерктиң атамасынан-ақ көрип, сезип отырасаң. Оның «Тутасқан соқпақлар», «Жақсы да жанын «жеп» жақсы болады», «Өтеген баслық «қоржын»ын жойтқан ба», «Тәғдирлер кесиспесинде», «Жаңа жылдың ақша қоры» ҳәм т.б. очерклери пүтин бир проблемаға қурылған, онда шешим де, жуўмақта, усыныс та бар. Бундай жетискенлик журналисттиң өмир тәжирийбелери деп билемиз.

Елимиздиң ҳаял-қызларын таныстырыўда журналист П.Хожамуратова белсендилик етпекте. Оның «Серегүл деп келетуғын көп» очеркинде Зульфия атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауриаты А.Сапекеева, «Ким өнермент болса дәўраны келди» очеркинде исбилермен Гүлнара Алланазарова туўралы сөз етеди. Өнерли ҳәм талантлыларды излеп табыў ҳәм оларды газета оқыўшыларына таныстырыўда журналисте жигерде, ғайрат та табылады.

Қәлеми ысылып көпшиликтиң нәзерине түскен Сағындық Жәниевтың дөретиўшилигинде жаңалыққа умтылыслар бар. Ол спорт темасының шебери болып қалмастан, очерк жанрында да жемисли қәдемлери сезиледи. «Сазлар салтанатының сәрдары еди», «Әбдиғаний палўан», «Жетписте де жойылмаған жигер», «Идирисов тири қалыўы керек», «Ностальгия ямаса туўылған топырақ сағынышы» очерклеринде С.Жәниев өтмиш ҳәм бүгинди салыстырмалы сүўретлеп, жақсылық, әдиллик, пидайылық деген пазыйлетлердиң инсан өмириниң мазмуны екенлигин уқтырып отырғандай көринеди.

«Бул дүньяда жақсы болыўдың, әпиўайылық ҳәм уллылықтың «қатаң өлшем қағыйдасы» бар. Лекин ол жазба түрде ислеп

шығылмаған. Оны әтираптағылар өз дәрежелеринде түсинеди, қабыллайды», - деп жазған еди Ш.Уснатдинов.

Солай екен, әпиўайылықты да, уллылықты да жырлаў ҳәм басқаларға сиңдириў очерк жанрына жүкленген ўазыйпа. Оны газета хызметкерлери шын кеўлинен түсинип, дәўир менен тең қәдем басып өз оқыўшылар нәзерине усынып атыр. Заманласларымыздың жетискенликлерин, айдын жолын, жарқын жүзин жаратыўда, дәўиримиздиң раўажланыў айнасына айландырыўда бир-бириизге айтарымыз көп.

Портрет очеркинде қаҳарман портретин жаратыўдың бир неше усыллары бар. Өзбек алымы Ю.Ҳамдамов бул бағдарда былай деп жазады:

«Портрет очеркиниң қаҳарманы шахс яки жәмәәт екенлигинен келип шығып очерктиң типологиясын белгилесек, төрт топарға ажыратып көрсетиў мүмкин. 1) шахс жәмәәттен бөлек; 2) шахс жәмәәт ишинде, бирақ очеркте шахс сезимлери үстинликке ийе болады; 3) шахс ҳәм жәмәәт тең дәрежеде сүўретленген; 4) шахс жәмәәт ишинде, бирақ жәмәәт үстин дәрежеде сүўретленген».[44]

Илимпаз бөлип көрсеткен типологиялық бөлинген очерк түрлерине баҳа берип шығамыз. Изертлеў барысы соны көрсетеди, жоқарыдағы төрт түрдеги очерклердиң екинши түри көбирек ушырасады. Мысалы, А.Халмуратовтың «Тынып тынышымас Тамара» (2006-жыл 23-декабрь №154), П.Хожамуратованың «Таяқшаңда бир сыйқыр бардай» (2006-жыл 19-декабрь №152), А.Ҳәбиповтың «Егер де бослық Файзулла болмағанда» (2006-жыл 7-декабрь № 147), Х.Дәўлетназаровтың «Зыянлы» (2009-жыл 6-август №94), С.Жаниевтың «Устаз бахты» (2009-жыл 6-август №94), С.Жаниевтың «Устаз бахты» (2009-жыл 29-сентябрь

[44] Ҳамдамов Ю. Замон ва мезон. Тошкент. «Ўзбекистон» 1991. 17-бет.

№117), Е.Ермановтың «Ел журтқа баўырман басшы болды» (2009-жыл 17-декабрь №151), А.Ембергеновтың «Авторлар жолы ардақлы» (2009-жыл 3-октябрь №119) очерклеринде қаҳарман портретлери жәмәәт ишинде бирақ ол очеркте сезимлери дәрежеде үстин, айрықша болып сыпатланады.

Абдулла Ҳәбипов очерк жанрында бираз тәжирийбет топлаған журналист. Оның «Егер де баслық Файзулла болмағанда»[45] очерки Әмиўдәрья МТП баслығы Султанов ҳаққында. Журналист өз қаҳарманы ҳаққында көп мағлыўматларды топлаған. Оларды жайғастырыўшы монолог, сәўбет жанрлары арқалы берип очерктиң композициясын байытады. Очерк еки бөлиминен турады. «Меннен ҳеш ким гуманланбайды» деп аталған бөлемде Файзулла портрети лирикалық шегинислер менен монологлар арқалы ашылады. Журналисттиң излениўшилик хызмети «Аўыл адамларын тыңлап көрсем» деген бөлемде көзге тасланады. Ол АПЖ баслығы Оразалы Қаражанов, МТП бас инженери Р.Тәңиобергенов, фермер хожалық баслықлары Султамуратов Гуйжов, Қуўат Атажанов, Айтбай Үсенов, Юрий Ключковлар менен сәўбетте болып кәсиптиң сырлары, пасыллардың тәсири, ең баслысы баслықтың шөлкемлестириўшилик уқыбын ашады. Очеркте бир неше жанрлардың синтези бар.

П.Хожамуратованың «Таяқшаңда бир сыйқыр бардай»[46] очеркин тематикалық ҳәм жанрлық жақтан көркемликке қурылған деп баҳалаў мүмкин. Онда Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист, Ә.Наўайы атындағы мәмлекетлик опера ҳәм балет театрының дирежеры Айда Абдуллаева портрети жасалған.

Көркем өнер тараўы өзиниң сыйқыры ҳәм сырлары менен ажыралып турады. Онда хызмет етиўдиң өзи үлкен талант ҳәм

[45] «Еркин Қарақалпақстан» 2006-жыл 7-декабрь № 147
[46] «Еркин Қарақалпақстан» 2006-жыл 19-декабрь №152.

дөретиўшилик мийнетти талап етеди. Үлкен театрдың симфониялық оркестрин басқарыўда шөлкемлестириўшилик уқып, талант ҳәм шеберлик сырлары очеркте көркем деталларда ашылған.

Усындай көркем детальлар Х.Даўлетназаровтың «Зыялы»[47] очеркинде де бар. Очерк «Үлкемиздиң әдиўли перзентлери» рубрикасы астында орын алған. Онда тарийх ҳәм миллийликтиң өз-ара бирлиги бар. Очерк «Үлкемиздиң әдиўли перзентлери» рубрикасы асытнда алған. Онда тарийх ҳәм миллийликтиң өз-ара бирлиги бар.

Жанрлар синтези, өтмиш ҳәм бүгинги күнниң өз-ара байланысы С.Жаниевтың «Устаз бахты» очеркинде көзге тасланады. Қанлыкөлши муғаллим Шарапатдин Баўеновтың портрети кәсиплеслери ҳәм мектеп турмысы, тарийхы менен байланыста сүўретленген. Очерк үш бөлимнен ибарат.

1. Әрман алға баслайды.
2. Қатардағы муғаллимнен РайОНО баслығына дейин.
3. Шәкиртлер устаз мақтанышы

Ҳәр бир бөлимде қаҳарман өмири ҳәм кәсибине байланыслы сюжетлер таңлап алынған. Автор мағлыўматлар, сәнелерди үйин-төгип тасламайды. Ар керсинде еркин пикирлеў ҳәм баянлаў усылында портретке штрихлар береди, ең керекли моментлерин таңлап алады.

Очерклердиң типологиялық бағдары бойынша шахс ҳәм жәмәәт тең дәрежеде сүўретленген очеркке С.Жаниевтың «Қарақалпақтың азаматы»[48] очеркин киргизиўге болады. Жәҳән чемпионын сүўретлеўде автор көп изленгени сезилип турады. Очерк бир неше бөлимлерге бөлинген: 1) Устазға тутасқан соқпақ; 2) Турдан палўанның рухлары шад.; 3) Ол самбо ушын жаралған; 4) Чемпион өскен орталықта.

---

[47] «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл 6-август №94.
[48] «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл 8-август №95.

Бөлимлерге қойылған темалар мазмуннан келип шығып таңланған. Елимизде спортқа болған итибардың өскенлиги, ҳәр бир спорт түри бойынша имканиятлар есигин ашып берди.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған очерклеримизди анализлегенимизде мапазлық характер көзге тасланады. Мәселен, муғаллим ҳаққында кәсиплик байрамы қарсаңында, дийхан ҳаққында сөз еткенде оның соңғы спорттағы жеңисинен соң гәп басланады. Бул әлбетте, очерк жанрының оперативлигинен дерек береди. Бир информация арқалы да баянлаў мүмкин, лекин оған ҳәм оның кәсибине, мийнетине, хызметине ҳүрмет белгиси ретинде очерк жазыў ҳәм портретин жасаў арқалы журналистлеримиз очерк жанрының кең имканиятларын көрсетиўди мақсет еткен.

Солай болса да, тарийхқа мүрәжат етип, очерклерде инсан тәғдирин жыллар сынаўында шынықтырған журналистлерде бар. Президент И.Каримов «Өз тарийхын билген, оннан руўхый күш алатуғын халықты жеңиў мүмкин емес екен, биз ҳақықый тарийхымызды тиклеймиз, халқымызды, миллетимизди әне сол тарийх пенен қураллandырыўымыз керек»[49] деп билдирген пикирлер журналистлер ушын жаңа ўазыйпалар жүклейди.

Усындай тарийх бүгинги күшимизди бирлестирип очерклер дөретиўши Өмирбай Өтеўлиев болып табылады.

Журналист Ө.Өтеўлиевтың «Гүлбий» очерки халқымыз тарийхында «ақ дақлар» деп аталған молл-ийшанлардың қуўдалаўлар себепли елден узақта жасаған заманласымыз ҳаққында очерк сюжеттеги ўақыя менен басланады:

«Телевизорда Иран урысы автоматлардың оқ жаўып, тынымсыз бомба жарылыўларды көрсете баслағаннан Гүлбий апаның қоллары

[49] Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т.: «Маънавият», 2008. 47-бет.

қалтырап, кесе толы шай төгиле жазылады. «Жарық» әлемниң төрт мушына шашылған ырысқы-несийбемизди шөпшеген, жети дәрьядан суў ишкен еркин қус едик. Бағдад елден жәбир-жапалар көрип, қаңғалақлап баратырғанда пана болған, муққадес журтым. Тарийхый естеликлерге бай дин исламның орайы, ең әййемги масжид-медреселер ирге тасып қалаған улама қазы-каланлардың от басына бүлгиншилик салғанлар иншалла оңбас» - деп гүбирленип, көз жаслары өңиршесине тамды.

Автор очеркин усылай баслаў арқалы сөз етпекши болған қаҳарман әпиўайы адам емеслигин ескертпекши болады. Ө.Өтеўлиевтың жазыў стили соннан ибарат, ол бир шаңарақ ағзалары туўралы бир неше очерк жазады. Усы дәстүрге садықлы бул сапары да көринеди.

«Гүлбий апа Сарыбай қызы – илгери жыллары «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жарық көрген «Қоңыратлы Абдулла Бағдад» атлы очеркимниң қаҳарманы, марҳум турмысы қыян-кесте ўақыяларға толы, болғанлықтан Абдулла аға көбирек тоқтап, Гүлбий апа ҳаққында пурсаты келсе кеңирек жазыўды ойлап едим», - деп автордың ҳәм өзи де персонаж сыпатында очеркине қатнасады.

Әлбетте, бундай қатнас арқалы журналистлик тексериўдиң изертлеўдиң избе-излигин түсиниў мүмкин. Ең баслысы, автор сериалы очерклер жазыў шебери екенлигин және бир мәртебе көрсете билди.

«Гүлбий» очеркинде бир неше қаҳарманлар тәғдири жәмленген. Ең баслысы олар туўралы сөз еткенде автор сол дәўирдиң аўыр дәстүрлерин де қоса сүўретлейди.

Мысалы:

«…Сорап-сорап Кәабатулланы да тапқандай жол бойы Қаратаўдың үсти менен «Султан Ўәйис» бабаға зияратлап басына түнеп шығады. Таң ата жолға жыйналып атырса изинен қуўғыншы келипти. Балағат жасына жетпеген Жамаля ажапамды жат журтларға кетип баратырғаны ушын қуда – жегжатлары бесикте атастырылып қойғанын сылтаўлап, жылатып-сықлатып алып қалған. «Қызым тири ме, аштан өлип қалған жоқ па?» деп зарланыў менен өмири өткерген анамның:

Қаратаўдың басынан көш келеди,

Көшкен сайын бир тайлақ бос келеди,

Қызалақтан айрылған жаман екен,

Ел-журтыңнан айырлғаны жаман екен,

Мөлдиреген қара көзге жас келеди – деп басланатуғын узыннан узақ толғаўын тыңлаған сайын қосыла жылайтуғын едим».

Автор мине усылай өмир ҳақыйқатлығын ашып береди. Аянышлы турмыслық ўақыяны баянлаўда халық толғаўынан да өнимли пайдалана билген. Журналист ўақыялар избе-излигин сақлаў арқалы Гүлбийдиң тәғдирин ҳәм усылай елден узақта ғайры журтларға өмири өткен жерлеслеримиздиң турмыс шараятларын болжаўды мақсет еткен.

Әжапасы Жамаляның тәғдирин де бийпарық емеслиги сезиледи. Газета оқыўшыларының кеўлиндеги сораўларға жуўап бериў нийетинде, оның менен дийдарласыў мәўритлерин сүўретлейди.

Мысалы:

«Таў менен таў ушыраспасада адам менен тириликте көриспей турмайды. Үйимизге оорнығып, кеўлимизди жәмлегеннен кейин сол Қаратаўда жылатып-сықлатып таслап кеткен Жамаляны излеў салып, газеталарға мақалалар жәрияладық. Елде отырған ўақытлары өз қолы

менен Бердалыға узатқан үлкен ажапамыз Жәмийла Тахтакөпир районынан шықты. Жамаля болса, ер жеткеннен соң атастырылған қалыңлығы Ийманбай менен шаңарақ қурып, бахытлы турмыс кеширип атыр екен.

Ағайин – туўғанларымыз үйге жыйналып келгенде әкемиз бенен үлкен көшке бирге кеткенлерди атпа-ат сорастырып, «көп едиңиз, қалғанларыңыз қайда?» деп жоқлаў айтысып, ботадай базладық. Балаларымыздың бул қурлым қосылғанына шүкиршилик етип, бир-биримизге тәселле берип, туўысқанлық қарым-қатнасларымыз жаңарды».

Ө.өтеўлиевтың «Гүлбий» очерки қаҳарман тилинен жазылған монологиялық дөретпе. Онда халқымыздың сай-дәстүрлерин ғайры журттағы тәртип-интизам, ҳәр түрли адамлардың пейли-минези өз көринисин тапқан. Персонажларының минез-қулқларын, ис-ҳәрекетлерин баянлағанда халық нқыл-мақалларынан пайдалана билген.

Мысалы:

- «Бирге туўылған менен бирге өлмек қайда?!»

- «Жалғыз батыр жаўға жоқ,
  Жалғыз жигит даўға жоқ!»

- «Елинен айрылған ер жетим»

- «Тири болсақ бир төбе,
  Өли болсақ бир шуқыр»,

«Жат жерлердеги султанлықтан өз елимде ултан болғаным артық»

- «Ийт тойған, ер жигит туўған жерине тартады».

- «Елге ел сыйса да,
  Үйге үй сыймас!»

- «Өткен иске салаўат».

- «Көргениңнен көрмегениң билгениңнен билмегениң көп екен, бәринен де өлмегениң жақсы екен».

Е.Ерманов журналист сыпатында үлкен ҳәм машақатлы жолды басып өтти. Оның басып өткен жолы ибиратлы жол. Сонлықтан Қарақалпақстан журналистикасы Е.Ерманов деген исмниң қәдир қымбатына жетип, ҳүрмет иззетине өз орнына қойып келмекте. Бир ғана тараўы бойынша материалларын үйренгенимизде оның сол тараў бойынша билимли, излениўши, талапшаң ҳәм ең баслысы талантлы журналист екенлиги сезиледи. Оларда ҳәрбир факт үстинде тереӊ анализ, ҳәр бир мағлыўмат бойынша ис тәжирийбелердиң жемисли нәтийжеси көринип турады.

«Дийханға да, жерге ден берсең аласаң»[50] деп аталған публицистикасы да мине усындай мазмунда. Бул публицистиканың өзгешелиги сонда, бурын бир хожалық мысалында пикир жүриткен болса, бунда республикалық көлемде салы жетистириўде алдыңғы хожалықлар туўралы сөз барады.

Төрткүлдеги «Шорахан», Тахтакөпирдеги «Тахтакөпир», Қоңыраттағы «Көкдәрья», Ақмаңғыттағы «Шортанбай» ҳәм «Кердер хожалықларының табысларына анализ жүритеди. Дурыс, хожалықлар арасында аўыр салмаққа ийе болыўдың машақаты да аз болмайды. Сол ушын олар туўралы жеңил-желпи сөз етиўдиң өзи қыйын. Бул хожалықлар туўралы шолыў характеринде пикирлер баянланады. Хожалықлар басқалардан неси менен парқланады? – деп сораў қояды журналист ҳәм оған өзи жуўап береди:

«Биринщиден, олардың басшылары менен бүгин мына исти ертең ана жумысты ислеймен деп дүзген ис режелерин избе-излик пенен

[50] Дийханға да,жерге де берсең аласаң. «Еркин Қарақалпақстан» 2006-жыл 28-сентябрь 2004. №115.

әмелге асырып атыр. Екиншиден, бул хожалықларды бурын басқарған азаматлардың ертеңги күнди ойлап техникаларды сепситпей сақлаўы бүгинги басшыларға жүдә қол келди. Олар усы техникаларға қосымша техникалар сатып алмақта. Тракторлардың ремонты ўақтында қорықпастан банк кредитине берилген қаржылардан аўысық бөлеклерди сатып әкелди. Нәтийжеде, пахтаны да, бийдайды да, салыны да ерте ҳәм қысқа мүддетлерде егип және жыйнаўға ериспекте».

Келтирилген мысалдан көринип турғанындай журналист факт ҳәм мағлыўматларды топлаў менен шекленбейди, ал фактлерди бир-бири менен салыстырып, пикирлер үйренилип, оннан кейин жуўмақ шығарылады. Проблеманы келтирип шығарып, агрументлер арқалы оның шешимин излеп табады. Бул проблемалық очеркте бастан ақырына шекем автордың позициясы белгиленип турады:

«Теңгениң еки тәрепи болғанындай, көптен берли иси жүриспей киятырған хожалықлар да болады. Ҳақыйқаттан да дийқанлар мийнетине жараса жорытыўлы ис ҳақы алалмаған хожалықларда жумыс артқа қарай кетип баратырғаны сыр емес, себеби олардың жаққаны жанар майға алған мәдений төгинге төлегендей айланыста жүрген ақшасы жоқ».

Бундай усылда, яғный хожалықлардың тенденцияларынөз-ара салыстырыў арқалы пикир жүритиў, анализ жасаў, жуўмақ шығарыў тек ғана билим ийеси ушын тән жағдай. К.Крмановтың излениўшилик хызмети проблемалардың өз шешимин табыўда көринеди.

Журналист Е.Ермановтың публицистикасында және бир проблема бар. Бул экология мәселеси. Оның «Бийпәрўалықтан сақланыў керек»[51] атлы мақаласында бул проблема өз сәўлелениўин

[51] «Еркин Қарақалпақстан» 2006-жыл 28-март №67

тапқан «Экология ҳәм биз» рубрикасында берилген бул очерктиң проблемасы қоршаған орталықты «жасыл дүнья»ны асырап-сақлаўға ийтермелеўден ибарат.

«Инсан ҳәм экология өз-ара бир-бири менен тығыз байланысқан, бирликте өмир сүреди, дейди автор.

– Демек, инсанға ҳәр бир түп дарақ, көл, дәрья, өсимликлер флорасы ҳәм қуслар фаунасы биз ушын қәдирли ҳәм муқаддес болмағы керек».

Пикирлер избе-излиги соны көрсетеди, Е.Ермановтың публицистикасында ол өзиниң позициясын батыл баянлай алады ҳәм усылай биринши планда көринип проблеманың шешимин табыўда жол ашады».

Ө.Өтеўлиевтың «Ерлик-мәңгилик» очеркин оқыўға кирисиўден-ақ ким екенлиги анық билинеди. Бул журналисттиң стили жыллар салмағында беккемленгеннен дерек береди.

«Өткен күнлердиң белгиси жоқ» - деген түсиникке онша қосылмайман. Өзлери жасаған дәўирлердиң арпалысларға толы жылларында елим ел болсын деп ат салысқан қоңыратлы азаматлар қатары Қурбанбай Салабаевтың исми ҳүрмет пенен тилге алынады.

Қурбанбай атаны еслеп, босағасында барсақ, өмирлик жолдасы Бийбижан апа «Өйбек» деп селк етип, көзлерине ерксиз жас алды.

-Адамзат бас байлығы – қымбатлы денсаўлығы менен тирилигин ғәнийбет билмеги керек. Әллеқашан, сүйеклери сипсе болған ғаррым шын дүньяда, мен ялғаншы дүньядаман. Бир қара басыма түскен жақсы-жаман күнлерим күн кешеги ҳәдийселердей, қостарымның күйгинен көз жасларым қурғаған жоқ. Әўелдиң ақыйрын берсин, жетим-жесирдиң көрген күнин несине сорайсаң, шым-шырқадай он төрт ул-қыз бенен қалдым. Қаҳарман анам, меники емес, бир

Алланыки, соннан төртеўи шетнеп, он ул-қызды әке орнына әке, шеше орнына шешелик ўазыйпасын атқарып айтса ада болмастай қыйыншылықлар, не-не әрманлар менен асырап-сақлап камалға келтирдим».[52]

Очерк мине усылай басланады. Онда Қурбанбай Салабаев пенен қатар өмирлик жолдасы Бибижанның да портрети ашылады. Қатықулақ, мағана-мәниссиз, нақыл-мақалсыз сөз айтпайтуғын бурынғының адамын тәриплеўде аңсат болмаса керек. Очеркте ликбезде алған шала саўаты менен аўылларда бола оқытыўды Қурбанбайдың мийнет жолы мәртликлерге толы. Автор оның өмири даўамында атқарған хызметлерин баянлаў менен бирге сол тарийхый дәўирлерге, адамлардың социаллық турмыс қәлпине де нәзер таслайды. «Сүўенли» каналының қазыўы – бизиң халқымыздың өтмишиндеги мәртлик жылнамасы.

Жақсы жарлыдан шыққан. Бетке айтқанның зәҳәри жоқ»қа санап, ҳеш кимге жалтақламай дурыс гәпти сөйлеўши Қ.Салабаев портрети өмирлик жолдасы, заманласлары тилинде ашылады.

Үйге тири қайтып, бала-шағалы боламыз деп ойламаған едик. Мийнет етсем, я биреўлерге жақсылық қылсам, миллет етпеймен. Жыллы лебиз, алғыс-ҳүрметтиң өзи маған үлкен сый. Шарапаты ул-қызларымызға тийсин - бул оның өмирден үмити, күтери, дүнья танымы, өмирдеги тийкарғы мақсети. Үлкен шаңарақта сүйеў, сонша баланы қатарға қоса алмады. Лекин, оның өмирдеги усы мақсети Бийбижанға мәдет болды. Автор усы орында «Орында бар оңалар» деген нақылды күтә орынлы пайдаланған.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында орын алған «Яднама» рубрикасы бир қатар очерклер орын алған П.Хожамуратовтың

[52] Өтеўлиев Ө. «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл 11-апрель №44.

«Елимизде елеўли инсанлар еди»[53] атлы очерки әжайып инсанлар тәғдири сөз болады.

Узақ жыллар даўамында ел-журт алдынада хызметлери халықтың ядында қалған, өзлери жасаған дәўирде искер басшылар атанған Кенжебай Балаканов ҳәм оның зайыбы Бийбаша Кетебаевалар ҳаққында жазылған бул очеркте автор инсан бахты, оның жәмийеттеги орны мәселелери ортаға тасланады. Ол өз қаҳарманларының өмир баянын узыннан узақ келтирип отырмайды, керсинше, өмирге философиялық көз-қарастан баҳа береди.

Көпшилик жағдайда адамға шын бахыттың қоныўы, ҳақыйқат бахытлы сезиниўи кемнен-кем ушырасады. Биреўлерге мәртебе жетиспейди, биреўге ден саўлық, перзенлери кеўлиндегидей болмайды, айырымлардың бар пулы бәрқулла аздай көринип азап шегип урынады, гейбиреўлерде болса, пул улыўма болмайды».

Автор усылай илим ҳәм жәмийетлик исти теңдей алып барған, ел-журтына пайдасы тийген шарапатлы инсанларды улығлайды. Ҳәр еки тулға тымсалында шаңарақтың муқаддеслиги, перзент ҳәм ата-ана ортасындағы өз-ара ҳүрмет, меҳир-муҳаббат, ҳадаллық, пәклик, мийнет сүйгишлик, инсаныйлық пазыйлетлер қәлиплесип, баланың санасына сиңип барыўы сүўретленген. Өйткени, шаңарақ-тәрбия ошағы. Усы орында автор Б.Кетебаева менен болған сәўбетлерди еслейди.

«Бир ҳаялдың бахытлы болыўы ушын аллатаалам қанша жақсылық инам етсе, мен өмир бойы соған ийе болдым. Үш ул, үш қызым келиним, күйеў балларым, ақлықларым бар. Жанымда арқа сүйер азаматым жүр. Елеге шекем шашымнан сыйпалап отыратуғын анамның барлығы мениң ушын бир дүнья. Үлкен-үлкен лаўазымларда

---

[53] Хожамуратова П. Елимизде елеўли инсанлар еди. «Еркин Қарақалпақстан» 2011-жыл 29-март №39

иследим, бир ҳаял елине қанша пайда келтирсе, мен пүтин барлығым менен соған умтылып жасадым. 60 та аттан түспеген бахытлы ҳаялман, деген еди сонда ол гүрриңлескен пайытымызда».

Автор бундай лирикалық шегинис жасап очерктиң көркемлик дәрежесин көтереди. Гөззал өмир ийелерине ылайықлы теңеўлерди таба билген. Олардай болып өмир бойы бахытқа ийе болып жасаў ҳәммеге несип етпеслигин атап өтеди.

Очерк жанрының тәрбиялық әҳмийети бар. Портретлик очерклерди оқып заманласларымыздың келбетин, мийнеттеги табысын, өмирдеги орнын көрип қуўанамыз. Ал суд очерклери болса оқыўшыны қырғақлыққа, сақлыққа тәрбиялайды.

С.Жәниевтың «Тәўбеге келмегенлер»суд очерки мине усындай характерге ийе.

«Биз өмир сүрип атырған жәмийеттиң алғашқы адамлары жасаған заманлардан, буннан бирнеше мыңлаған жыл алдыңғы дәўирлерден айырмашлығы - ҳәзир турмысымызда мәмлекет, нызма, ҳуқық, жынаят ҳәм жаза деген түсиниклер бар.Нызамға қайшы ҳәрекет етсең, өзгениң мүлкине көз алатсаң, ҳәмме тән алған қағыйдаларға бойсынбасаң,адамгершилик нормаларының шегарасынан шығып кетсең, жылаўыңды тартып қоятуғын күшлер, өзлерди өзине жәмлеген уйымлар да жоқ емес. Сен қанша жасырын, қанша қупыя ҳәрекет ете бер, қырағы көзлерден қашып қутыла алмайсаң, қылмыслы ислериң түбинде әшкара болады.

Жынаят ислеген адам не ушын судланады? Оған жаза қолланыўдан көзде тутылған мақсет не? Бул сораўларды ҳәр ким өзиниң тәрезисине салып көрсе шеп болмас еди. Дурыс, жыйнайый иске қол урғанлар қылмысына ылайық жазаланыўы дәркар. Бирақ, мәселеге тек усылай жантассақ, оны бир тәреплеме алып қараған

сыяқлымыз. Бизиңше, судланыўды тек жазаланыў емес, бәлким өзиңниң ислеген қылмысларыңнан, жиберген қәте-кемшиликлериңнен тийисли жуўмақ шығарып, қайта тәрбияланыўың ушын жақсы имканият деп түсинген мақул. Ақыры, «жаңылмас жақ, сүринбес туяқ болмас» деген. Адам баласы қәпелимде алжасады, билип-билмей намақул ислерге қол урады».[54]

Очерк мине усылай басланады. Автор өз позициясын баянлаў арқалы жәмийетлик қарым-қатнас жағдайында инсанның орынлы мәселесине тоқтайды. Оның буншелли қатаң пикир баянланыўының да мәниси бар. Өйткени сөз етпекши болып отырған Берунийли Рейимбай Матякупов пенен Самарқандлы Парда Қудиратовлардың екеўи де бурын судланған, амистия актлери тийкарында жазалары жумсартылған ҳәм азатлыққа шыққан шахслар. Лекин, «Тойдырғанның сақалына» қәбилинде ис тутқан олар ҳүкиметимиздиң бул кеширими менен жақсылықларынан тийисли жуўмақ шығарыўды өзлерине еп көрмеген. Р.Мәтякупов шөлкемлестирген топар ағзалары – «қара дәри саўдагерлери», түрли жоллар менен 40 кг әтирапындағы оптиум ҳәм героинлерди сатып алып, өзлерине қолайлы баҳада қайта сатыў менен шуғылланып келген. Суд очеркинде автор суд ҳүкиминде жазылған қатарларға көз жуўыртып, оларды анализлейди. Автор журналист изертлеў жүргизеди ҳәм жынаятшылардың жынаый исине баҳа береди. Ол суд ҳүкими менен таныстырмайды, өзиниң жеке пикирин де қосып баянлайды.

«Халық арасында ҳадал мийнети менен ат шығарып, байлық арттырғанлар көплеп табылады. Лекин, нәшебентлик затлар саўдасы менен шуғылланып, өзин де абат етипти, жәмийетти де гүллентипти

---

[54] Жәниев С. Тәўбеге келмегенлер. «Еркин Қарақалпақстан» 4-апрель, 2009, №4.

дегенди көрген көз де, еситкен қулақ та усы күнге шекем болған емес ҳәм болмаса да керек».

Усылай автор ҳақыйқатлық ҳеш қашан жеңилмес күш екенлигин, ал бизиң мәмлекетимиз қүдиретли екенлигин билдиреди.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында журналистлердиң сапар тәсирлери ҳаққында жазылған дөретпелери ушырасады. Сапар тәсирлери, сапарнама жол очерклериниң тийкары есапланады. Сонлықтан, онда автор бир қанша кең, еркин пикир билдиреди. Журналист Б.Тилеўмуратовтың дөретиўшилик сапарлары тәсирлери газетада ушырасады. Олар жол очерки болмаса да, жазылыў стили, дөретиўшиликтиң кең мүмкиншиликлеринен пайдалана билиў шеберлигин, искерлигин үйрениўди мақсет еттик.

«Журналист хызмет сапарынан қайтты» рубрикасы тиккелей Б.Тилеўмуратов ушын ашып қойылғандай. Себеби, сапар тәсирлери жәмийетшиликке ой салатуғындай өткир ҳәм тәсирли, «Бардық, көрдик, жаздық»[55] - Шымбай районында болған сапар тәсирлерин автор мине усылай атаған.

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен соңғы жыллар ишинде халық хожалығының басқа тараўлары қатарында билимлендириў системасын реформаластырыў, келешегимиз болған жасларды жетик ҳәм ҳәр тәреплеме раўажланған жаслар, жоқары мамалықтағы қәнигелер етип тәрбиялаў жумысларына үлкен дыққат итибар қаратылмақта. Буны биз бүгинги күни перзентлеримиз оқып-билим алып атырған, барлық шәрт-шараятларға ийе болған академиялық лицейлер, заманагөй кәсип-өнер колледжлери мысалында да көринеди.

---

[55] Тилеўмуратов Б. Бардық, көрдик, жаздық. «Еркин Қарақалпақстан», 4-февраль 2010-жыл №15 (18853)

Журналисттиң сапары Шымбай педагогикалық колледжи, Шымбай районы Қызылөзек аўыл-хожалық кәсип-өнер колледжи ҳәм Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтты қасындағы 4-санлы Шымбай академиялық лицейинде болып, билимлендириў саласындағы жаңаланыўлар, жетискенликлер ҳәм әлбетте кемшиликлер ҳаққында болды. Ҳәр бир оқыў орны ҳаққында сөз баслағанда, бурын қандай еди, ҳәзир қандай жағдайда екенлигин салыстырып сүўретлейди.

Өтмиш ҳәм бүгинине ийе бул оқыў дәргайларын аралап көрип журналист оқыўшыларының қатнасы, билими ҳәм әлбетте газета-журналларға жазылыў мәселелерин үйренеди. Айтылғанларды қабыллаўға асықпайды, керсинше, ҳәр бир сумды тежеп, қайда кеткенлигин сорастырады. Журналисттиң бундай изертлеўи ҳақыйқатлықты жүзеге шығыўына себеп болады.

Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты қасындағы 4-санлы Шымбай академиялық лицейине болған сапарда журналист сөз бенен истиң тең келмеслигиниң гүўасы болды. Ҳәр биринен 2000 сумнан пул жыйнаса да, усы күнге шекем бирде газета көрмеген оқыўшылар менен сәўбетлесип, ҳақыйқатлықты табыў мақсетинде журналистлик тексериў өткереди.

«Академиялық лицейдиң бас есапшысы Дүйсенбай Ғаниев бизге бундай мағлыўматты тез таярлап берди. Онда көрсетилиўине қарағанда, быйылғы жыл лицей оқыўшылары 643395 сумлық 20 атамадағы газета-журналларға жазылыпты. Оқыўшылардан жыйнаған пулларға болса топар басшылары жазылғанбыш…».

Бас есапшының берген жуўабын автор «сүйеп салды гәплер» деп баҳалап, өзи журналистлик тексериў өткереди. Келтирилген ағлыўматларды «Өзбекстан почтасы» ашық акционерлик

жәмийетиниң Шымбай финалындағы мағлыўматлар менен салыстырып үйренеди.

Мысаллар келтиремиз:

«Ҳақыйқатын айтатуғын болсақ, академиялық лицей тәрепинен «2010-жыл ушын…» почта байланыс тармағына жәми 8 атамадағы 243537 сум муғдарында газета-журналларға жазылыў ушын талапнама берилген…», «бирақ усы көрсетилген қаржы тармақтың есап бетине келип түспеўине байланыслы…» олар тәрепинен ҳеш қандай газетаға буйыртпа берилмеген болып шықты».[56]

Көрип турғанымыздай, журналист сапар даўамында ҳәрбир факт бойынша журналистлик тексериў өткере алған, изертлеў нәтийжелерин исенимли агрумент ҳәм дәлил менен көрсете билген.

Суд очерк проблемалық очерктиң бир түри болып, онда социаллық, жәмийетлик проблемаға байланыслы өткерилген суд процесси сөз етиледи.

Журналист Бухарбай Тилеўмуратовтың суд залынан таярланған «Жынаят ҳәм жаза» суд очерк мазмуны ҳәм идеясы бойынша жаңа изленислер жемиси, деп ойлаймыз.

«Егер қолымда судтың қарары болмағанда, я болмаса оны басқа бир жерден оқығанымда, расымды айтсам, мен бул ўақыяның ҳақыйқаттан да бизиң турмысымыздан орын алғанлығына исенбеген болар едим. Ҳәтте, «бизде бундай болыўы мүмкин емес» деп, айтқан адам менен тартысыўға шекем барған болар ма едим, және ким билсин…»

Очерк мине усылай басланады. Автор жумбақлы, астарлы гәплер менен оқыўшыны қызықтырып баслайды. Әсиресе, бизиң турмысымызда орын алғанлығына исенбеген болар едим, деп өзиниң

---

[56] Тилеўмуратов Б. Бардық, көрдик, жаздық. «Еркин Қарақалпақстан», 4-февраль 2010-жыл №15 (18853)

таңлаўын жасырмайды. Суд залында қаралған процесс не деп аталады? Автор жумбақты және де сораў гәплер менен тереңлестирип береди.

«Бир емес ол бир неше адамның мийнет ҳақысынан турақлы түрде, көп жыллар даўамында белгили бир сумманы өзлестирип отырыўды не деп айтыўымыз керек? Мийнет ҳақысынан услап қалыў деймиз бе? Бәлким, тартып алыў дегенимиз туўрырақ болатуғын шығары? Яки қорқытып алды…».

Келтирилген мысалдан көринип турғанындай, автор проблеманың бир ушын ашты ғана. Гәп не ҳаққында, ким ҳаққында екенлигин билгиси келген оқыўшы өзин психологиялық жақтан таярлап, бийимлесип отырып оқыўға кирисери анық.

Суд очеркинде тийкарғы айыпкер Жолдасбай Айманов «Қарақалпақ почта» ашық акционерлик жәмийетиниң Тақыятас филиалының баслығы болып ислеп жүрген пайытында әне усында намақулшылықларға қол урған. Ол бундай нызам бузыўшының ҳәрекетлерин 2003-жылдас басланған. Автор енди әпиўайы цифрлық көрсеткишлерди айтып, айыпкердиң ислерин айқынластырады.

«2003-жылдан баслап филиалларда ислеўши хызметкерлердиң мийнет ҳақысын 3000 сумнан пул услап қала баслайды. Ҳеш ким үндемегенин көрип, келеси жыл сумманы 5000 сумға жеткереди. Кейинги жылы 7000, соңғысында 12000, үйрене келе, кейинги үш жылда келе 15000 сумға жеткерип, көп муғдардағы өзгениң мүлкин өзлестиреди.

Пүтин баслы мийнет жәмәәтиниң бир адамның усындай қылмыслы ҳәрекетлерине үндемей көнип келиўин қалай түсинсек болады? Бәлким оларды гипноз ҳалатында услап келген шығар?

Онысыз сонша жыллар даўамында усындай кемситиўлерге шыдаў мүмкин бе, сирә?»

Көрип турғанымыздай, автор және жумбақлы усылда жынаяттың басланыўын ҳәм даўамланыў жағдайын баянлайды. Сыр емес, өзиниң таңлаўларын да жасырмайды. Сораўлар изинен сораўлар бийкарға туўылып атырған жоқ. Өз-өзинен, оқыўшыны қызықтырған сораўға суд ҳүкими менен жуўап береди.

«Суд ҳүкиминен: … Почта байланыс тармағы баслығы лаўазымында ислеп жүрип, лаўазымлы шахс бола, … 2008-жыл 10-апрель күни сипсекеш етип жумысқа қабыл етилген Сәрсенбаева Қалия Қалбаевнаға» мен сени жумысқа алғаным ушын бир айлық ис ҳаққыңды бересең» деп … 60 мың сум пулды таўламашылық жолы менен 2008-жылы 14-ноябрь күни Ещанова Жумагүл арқалы пара ретинде алған»…

Еситкен қулаққа ерси болары анық. Пара, парахорлық, дәмегөйшилик ҳәр қандай жәмийетте де ушырасыўы мүмкин болған ҳалатлар. Лекин, келип-келип сипсекештен де пара алыўға шекем барып жеткен бундай ҳәмелдарлардың ҳәрекетин қалай түсиниўге болад? Улыўма түсиниў мүмкиншилиги бар ма, өзи?

Суд очерк, шын мәнисинде, автор ҳәм оқыўшыны ойлаўға, атландырыўға мәжбүрлеўши сораўлардан турады. Автор жәмийеттиң бир ағзасы сыпатында әдилсизликке наразлығын баянлаўға умтылады. Очеркте автор сиясий саўатқа ийе шахс сыпатында геўделенеди. Онның «Мен»и ҳәр бир гүўа сыпатында шақырылғанлар ҳаққында сөз етилгенде көринеди. Суд ҳүкиминиң бәнтин өз алдына анализлеп, ой елегинен өткерип, айыпкердиң жәмийетимиз ушын қаншелли зыян екенлигин ашып береди. Очерк барысында

журналисттиң қатнасы ҳәм образы да ашылғандай көринеди. Мысалы:

«Суд ҳүкими менен танысып отырып Президентимиз И.А.Каримовтың өткен жылы кәсиплик байрамымызға бағышланған қутлықлаўларындағы» …усының менен бирге, жолымызда тосық болған иллетлерге – бул корупция ма ямаса ҳәмелпаразлық бола ма, жерлеслик, адамлардың дәртин көрмеў бола ма – булардың барлығына қарсы маўасасыз гүресиў, бир сөз бенен айтқанда әдилликти тастыйықлаў, жәмийетимизди буннан былай да еркинлестириў ушын өзин аямастан, ҳүждан өмири менен жасаў журналист деген кәсипти таңлаған инсанлар ушын бәрҳама өмир мақсети болыўын қәлер едим» деген сөзлерин еследим ҳәм өз-өзимнен уялып кеттим».

Автор мине усылай өзиниң авторлық позициясын, қатнасын баянлайды. Оның артында журналистлердиң өз кәсибине ҳүждан менен қатнас жасаўдағы ўазыйпа көринип тур. Автор суд процессиниң тартыслы моментлерин бирме-бир сүўретлемейди. Ең тийкарғысы айыпкерге дәл баҳасын бергендей:

«Суд процессинде Ж.Аймановтың өз айыбын тән алмай айтқан гәплерине қарсы баҳа беретуғын болсақ, оның тек ғана парахор емес, ол ҳүжданнан да журтай болған шахс екенин көриўге болады».

Б.Тилеўмуратовтың «Жынаят ҳәм жаза» суд очерки актуал мәселеге қурылған. Автор әтирапта болып атырған ўақыялар, ҳәдийселерге кең жәмийетшиликтиң дыққатын қаратыўды мақсет еткен. Ол жәмийетлик пикирди қәлиплестириў арқалы жоқарыдағыдай машқалалардың алдын алғыўға шақырық таслап атырғандай.

Жәмийетимиздеги өзгерислерди түсиндириў ҳәм соған сәйкес оның раўажланыўына кесент келтириўши тосқынлықларды ашып таслаўда «Очерктиң жаўынгер дабылы»[57] керек болады. Әсиресе, «Суд залынан», «Суд очерки» рубрикаларының баспасөз бетлеринде турақласып барыўы, газета оқыўшыларының санасында өз ҳуқықларын билиўге ҳәм үйрениўге тийкар болады. Жоқарыдағы очеркте мақалаларды жеңиў жолындағы инсанның руўхый дүньясы, ишки кеширмелери ашылған.

[57] Ыдырысов Т. Жаўынгер жанр. Алматы «Жазыўшы», 1972. 8-бет.

## 3.3. Сатиралық публицистиканың газетадағы орны ҳәм әҳмийети

Биз изертлеў жүргизген «Еркин Қарақалпақстан» газетасында сатиралық публицистика фельетон, сатира, юмор түринде берилген. Олардағы көтерилген машқаланың тематикасына байланыслы бир неше арнаўлы рубрикалар шөлкемлестирилген. Булар:

- «Журналисттиң көз-қарасы»
- «Бир хаттың изинен»
- «Дигирман»
- «Журналист дабыл қағады»
- «Қулақ қағыс»
- «Турмыс кесиспелери»
- «Турмыс кесиспесинде»

Жәмийетлик қарым-қатнаслардың раўажланыўы бағдарында оларға иркиниш жасаўшы механизмлерде ушырасады. Газета журналистлери бундай жағдайда журналистлик тексериў өткерип кемшиликлерди ашып таслаўдай ҳәм ҳақыйқатлықты жүзеге шығарыўға жәрдем бермекте.

О.Сәтбаевтың «Бир қәтеликтиң ылайсоңы ямаса жәбир шектирген алжасық»[58] атлы фельетонында балалығынан көзден майып, жумысқа жарамсыз Ж.Есбергенованың пенсиясының кемейип кетиў себеплери изертленеди.

«Шанақтай з жыл 8 айдан кейин, анығырағы, 2007-жылдың 1-июнь сәнесинде «Сизге 2003-жылы районлық социаллық тәмийнат

---

[58] «Еркин Қарақалпақстан» 2008-жыл 16-декабрь, №151.

бөлиминиң хызметкери тәрепинен пенсия натуўры, зыян есаплап жиберилген. Бул техникалық қәтелик» деген еслетпе келип, 1999-жылдың 1-августынан 2007-жылдың 1-июньине дейинги аралықта зыят төленгенлиги ушын 614177 сумды буның ҳәр айдағы пенсиясынан 20 процент шегирип қалып төлетиў ҳаққында буйрық шығарылғаны ескертилген.

Қарап турсаң, бул қәтеликтен көре «ҳәзил»ге көбирек усап кетеди. Сонша адамға пенсия тайынлап берип отырған социаллық тәмийнат бөлими хызметкерлериниң усы көзи тасқамал пуқараға келгенде қалай қәтелескенине ҳайран қалып исенгиң келмей де турады. Ал, исенбейин десең Шымбай райсобеси пенсия бөлиминиң хызметкери Б.Еримбетова буның пенсия пулларын қайта есаплап шығып, «пенсия кем төленип келген» деген шешимге келген ҳәм перерасчет есабынан 90406 сум қосымша төлеў ҳаққында ҳүжжет таярлайды».[59] деп жазады автор ҳәм аргументлерге ҳақыйқатлықтың бет пердесин ашады. Ол, социаллық тәмийнат бөлиминдеги «өзи боларлық» қа ислеген жумысларды изертлеп үйренген. Фельетонда сөз етилип атырған факт турмысымыздың ашшы ҳақыйқатлығы.

Усындай турмыслық проблема Б.Тилеўмуратовтың «Көпшиликке мәлим сыр» фельетонында көтерилген. Онда автор пластик карталары енгизилиўи менен нақ ақша келип кеткенин, айлықлардың ўақтында берилмей атырғанын сынға алады.

Журналисттиң «Жақсы, деген менен» публицистикалық мақаласы журналистлик тексериўге усайды. Онда Нөкис қаласындағы айрым мектеплердиң жаңа оқыў жылына таярлық мәселесине анализ жүргизилген.

---

[59] «Еркин Қарақалпақстан» 2008-жыл 16-декабрь, №151.

«Өкинишлиси, сол сапасыз оңлаў ислери алып барылған жерлерде оқыған балалардың» сөз бенен истиң арасындағы айырмашылықлар туўралы басқаша пикирлердиң басына баратуғынында болып отыр. Жүз миллионлап қаржы жумсалып капитал оңлаў жумыслары алып барылған жерлерде, әпиўайы светти жағып-өширгишлерге (включатель) қаржы жетпей қалыўы күлкили болса керек, әлбетте»[60] деп жазады журналист. Мектеп муқаддес орын. Онда перзентлеримиз тәлим алады. Бул келешектиң мәселеси. Мектеплерди қайта реконструкциялаў ислери болса мәмлекетлик әҳмийетке ийе. Сонлықтан, жуўапкершилик, қырағылық керек екенин ескертип фельетонды былайынша жуўмақлайды.

«Ўақыт зымырап өтип атыр. «Шөжени гүзде санайды» дегенлеринде, быйыл, 2004-жылы басланған үлкен қурылыс реконструкция ислериниң жуўмақланатуғын жылы. Қанша мектепке реконструкция исленди, қаншасы тазадан қурылды, қаншасы қурылмай қалды? Бәрин жуўмақ жасалады. Қурылғанларының сапасы, қурылмағанларының себеплери үйренип шығылып, баҳа берилсе керек деп ойлаймыз».

Автор салыстырмалы анализ арқалы мектеплерде жуўмақланған капитал ремонт жумыслары ҳаққында сөз етеди. Бундай салыстырмайлы анализ А.Ембергеновтың «Таярлық бүгиннен «басланады» атлы фельетонда бар. Автор Төрткүл районы Қ.Нурымбетов, Ю.Қурбанов, «Патаабад», «Наўрыз», «Жолым» хожалықларын үйренип, қәнигелер менен пикирлесип гүзги қысқы атыз жумысларының барысына баҳа берген. «Таярлық басланды» деп ўәде берген басшылардың сөзи менен иси тең келмеслиги өткир

---

[60] «Еркин Қарақалпақстан» 2009-жыл 6-август, №94.

сынға алынған. Автор жер ийесине қайтса да, ийеси бийпәрўа басшыларға қарсы соққы берген.

Жәмийеттеги ең муқаддес ҳәм қәдирлиси бул инсан. Оның кәмиллигин, искерлигин жетилистириў ушын минездеги, турмыс қәлпиндеги унамсыз иллертлерди жоқ етиў керек болады. Бундай тәрбиялық ислерди орынлаўда газетада орын алған юмор ҳәм сатиралық шығармаларының хызмети бар. Гейде туўры айтылған сөздиң тәсиршеңлиги болады. Сонлықтан «Еркин Қарақалпақстан» газетасында «Дигирман», «Турмыс кесиспесинде», «Аўыл әңгимелери», «Турмыс кесилиспелери» рубрикасы материалларында туўры сөз ҳәм үлкен сабақты сезиў мүмкин. Жоқарыда аты көрсетилген рубрикаларда журналистлер қатарында жазыўшыларымыздың да дөретпелери жәрияланады.

Хызметкерлердиң өз-ара қарым-қатнасы, шаңарақтағы тәрбия мәселеси жазыўшылар тәрепинен талқыланып, унамсыз иллетлер күлкили эпизодлар өз сәўлелениўин тапқан.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында «Дигирман» рубрикасы астынан басылған Қарақалпақстан халық жазыўшысы О.Әбдирахмановтың «Актер» сатирасында отыз жыл театр саҳнасында киятырған, лекин төрели рол ойнамаған актер әтирапында ўақыя раўажланады.

Автор театр тараўында бир неше жыл ислеп жүрсе де, алға илгерлеўге, жаңадан жаңа роллерди атқарыўға ҳәрекет етпейтуғын мәзи ўақтын өткерип ҳәмме нәрсеге бийпарўа қарайтуғын, жүргенде шоғы жоқ актёрлар характерин шығармадағы бас қаҳарман Туршеке образы арқалы ашып береди.

Автор сатиралық гүрриңинде диалоглардан, сөз бирликлеринен, сондай-ақ қызықлы гәплерден уйқасын келтирип шебер пайдалан

билген. Мәселен, ол актёр болып даңқ атаққа тырысып көринеди, биреўдиң мәртебесин қызғанбады. Жатық минезине қатық ишип жүрип, спектакль қалдырмай сахнада жалт-жулт ететуғын еди»[61] - деп күлки қысатуғын сөзлерди таўып қолланған.

Сондай-ақ газетада юморлық гүрриңлердиң де тәрбиялық әҳмийети бар.

Юморлық гүрриңлер өзиниң дәл нышанаға урыўы менен тәсирли. Онда турмыстағы айрым адамлардың унамсыз иллетлерине қарата күшли күлки атылады. Саламат Әжимовтың «Сумлық ойлап табыўшы»[62] юморлық гүрриңинде де усыны көремиз.

Өзиниң айлықлы жумысын қойып базарда майда-шүйде сатып, саўда ислеўге бел буўған Сапарбай саўданы келистире алмайды. Досларының бири Мәтибайға барыўды мәсләҳәт етеди.

«Сарайдай жайдың қасына келип қапысын қағып ишке кирдим.Кирген жерде тапшанда бир киси кишкене бала менен шашки ойнап отыр екен. «Қара балам, мынадай, үш бармағың менен тасты көшип атырып, еки бармағың менен қарсыласыңның тасын билдирмей алып қоясаң» деп баласына сумлық үйретип атырған кисиниң анық Мәтибай екенин гүмансыз таныдым».[63]

Автор тийкарғы қаҳарманын мине усылай тәриплейди. Баласына сумлық үйретиўши Мәтибайдың ис усылының тәсили бар.

«Жолаўшының жолын тосып,
Ақ араққа суўды қосып,
Ал коньякқа шайды қосып
Алкашларға сатып турман» - деп

[61] Абдирахманов О. Актер. «Еркин Қарақалпақстан». 11-август 2009. №96.
[62] Әжимов С. Сумлық ойлап табыўшы. «Еркин Қарақалпақстан». 13-июль 2009. №71.
[63] «Еркин Қарақалпақстан». 13-июль 2009. №71.

ол өзиниң дәслепки саўдасында тәсилин усылай баслаған. Бир ғана сумлық пенен бир неше миллион сомлық затты өзлестириў жолында ислери паш болады. Автор саўда тәртибин бузған сумның сумлықларын ашып таслайды. Гүрриң жеңил күлки оятса да, онда турмыслық ҳақыйқат жасырынған. Бул ҳақыйқатлық - адамлардың қырағылығы. Автор усы сезгирликти жоғалтпаўды мәсләҳәт етеди.

Юмордың тили өткир, нышанаға дәл тийиўши болады. Күнделикли турмысымызда ушырасатуғын қәлеген ўақыяны юморға тийкар етип алыўға болмайды. Бул талапты журналист Оразбай Сәтбаев жақсы түсинеди. «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады» деген даналық төркининде көп нәрсе жасырынған.

«Мәкемемиздиң жап-жас, еки күнликте ғана сайлаған бас инженерии тез алдына жетиўимди буйырыпты. Дәрриў складымды жаўып алдына жетип бардым.

- Ақсақал келдиңиз бе? – деди ол недендур тақатсызланып.

- Аўа, - жайшама еди? – дедим қызықсынып.

- Ал тез қыймылдаўың керек. Жаңа ғана баслықтың өзи қоңыраў етти. Ана «Азия» кафесин билетуғын шығарсаң?

- Аўа, билемен.

- Сол жерге тез жетип барыўың керек. Бир жигирма литрлик канистрге толтырып бензин ал. Складыңда бензин баршылық ғой. Баслық өшип қалыпты!» - деп басланады. О.Сәтбаевтың «Өшип қалды» атлы юморлық гүрриңи.

Сезгир оқыўшы бул гәптиң төркинин әлле қашан билип алған болса керек. Бензинге зәрүрлик жоқ. Өшип қалған баслық, тийкарында мүмкин емес дәрежеде ишип, орнынан тура алмай уйықлап қалған.

Мине усы ўақыя шығарманың объекти болып есапланады. Автор сөйлеў лексиконындағы «өшип қалыў» сөзине жағдайдан шығып кетиўши ўақыяны усынады.

Автордың айтажақ идеясы күтә актуал мәселени көтерген. Бул – дурыс сөйлеў этикасы. Ҳәр қандай  сөз тәсиршеңлик күшине ийе. Оны өз орнына дурыс пайдалана билмесе, көп ғана кеўилсиз ўақыялар жүз бериўи даўсыз. Сонлықтан, автор жас қәнигениң әмелин көрсетиў бағдарындағы ҳәрекетлери үстинен күледи ҳәм пүтин бир мекемениң баслығын күлки батпағына «батырып» жиберди. Бул шеберликтиң бир түри, деп баҳалаймыз.

Юморлық өткирлик жазыўшы С.Жумағуловта да бар. Оның «Бизнес жоба» атлы шығармасында тилдиң өткирлигин, пикирдиң анықлығын көремиз.

Пайтахтымыздағы жер асты өткелин жеке меншикке сатып алыўға қарийдар өзиниң бизнес жобасын усынады. Диалог формасында бизнес жобаны автор оқыўшыларға таныстырады. Жобаға сәйкес жер асты өткелинен ҳәр адамнан 50 сумнан алынады. Сонда күнине 24 мың адам өтсе 1 миллион еки жүз мың сум табады. Ал отыз мың адам өтсе 1,5 миллион сумм табады.

Еситкен қулаққа турпайы тийетуғын бул бизнес жоба оқыўшыда қулки оятары тәбийий. Ал күлкиниң астында ашшы ҳақыйқатлық жасырынған. Өзи биреў, өзи жалғыз жер асты өткели болыўына қарамастан, оған итибар жоқтың қасында. Ким көринген, қәлеген затын ашып таслаў, саўда ярмаркасына айланып кеткен. Санитариялық жағдайы ҳаққында айтпаса да болады.

Бул жағдайларды автор баянламайды лекин бар екенлиги сезилип турады. Ең баслысы автор ҳәр қандай өз мәпин гөзлеўшилерге персонаж тилинде жуўап береди:

«- Ал иним қапа болмайсаң. Сизиң бул сонша пулыңыз күйип кетти деп қоя бер. Биринщиден, бул жер өткели халықтики. Екиншиден, оны жеке меншикке айландырыў ҳаққында ҳеш қандай қарар шыққан жоқ. Қулласы, сизиң бул «Бизнес жоба»ңыз иске аспайды».[64]

Мине усылай автор халықлық мүлк ҳәм оның қәдир-қымбаты ҳаққында қысқа лекин анық етип жуўмақ шығарып береди. Автордың шеберлиги сонда, ол барлық соңында проблемаларды диалогларда баянлайды да ал, тийкарғы бәнт басар жуўмақты юмордың социалда персонаж тилинде күтә сыпайы түрде билдиреди.

Турмыслық ўақыяларды сәўлелендириўде «Еркин Қарақалпақстан» газетасында «Аўыл әңгимелери» рубрикасы астында қатар киши жанр үлгилери жарық көрген. Енди олардың айрымларын анализге тартып үйренсек.

**«Меннен де бетер»**

Бийсенбай Бекмуратовтың қәлемине тийисли бул шығармада Байнияз ҳаққында сөз етиледи. Дослары оның менен ушырасыўға келсе, ол телефонда сөйлесиўден босамайды.

«Шайды шала-шарпы ишер ишпестен, Байнияз тезирек жолға шығыў ушын таярланатуғынлығымызды, өзи ҳәзир кийинип болып сыртқа шығатуғынын айтты. Қулласы, бир шайнек шай ишип, бизлер сыртқа шығаман дегенше он-он бес адамға ўәде берип, түстен кейинги саат екиге устаханасына шақырды. Өзи болса бизлер менен той тойламақшы.

---

[64] Жумағулов С. «Бизнес жоба» «Еркин Қарақалпақстан». 14-март 2009. №32.

Байнияз бир көриўден нағыз нар кәлле, қаракеңниң қарапайым жигитине уқсайды-да, бирақ ўәдепараз, өтирик сөйлеген тәреплерин онша хош көрмедим».[65]

Мине усылай оның минезине баҳа бериледи. Ҳәр қандай сумлықтың да тамам болар жери бар екен. Ол Шымбай базарынан машинасына тутындырғыш (свеча) алыўға иркиледи. Оның излеген заты тек еки орында ғана бар екен. Ол қайсы бири арзан болса аламан, деп ойлаған сумлығы өтпейди. Жас сатыўшы оны баплап «түсиреди». Меннен де бетер өтирикши екенсеңғо, деп ол өзиниң айыбын мойынлайды. Турмыстың ғалма-ғалында ҳәр түрли адамлар болады, ол өзиниң айыбын ҳәмме де мойынламайды. Автор бул пикирди нар кәлле мысалында усылай баянлайды.

Б.Бекмуратовтың және бир гүрриңи «Түңилиў» деп аталады. Ол былай басланады:

«Баҳадыр көзи көк, төбе шашы онша қалың емес, жасы отыз-отыз беслер шамасындағы жигит.  Туўысқан жездеси Мухан ортанқолдай кәрхананың директоры болғанлы берли Баҳадырға дәўран қарады.

Ҳәр күни астында «Нексия», «Тико», «Матиз»диң «фаворит»лери. Азанда жумысқа алып келип, кеште алып қайтады. Ҳәр күни таксидиң ишинде кәрханада ислеўшилерден биреў-екеўи минип, Баҳадыр менен бирге қыдырады».[66]

Гүрриңниң екинши қаҳарманы Лепесбай баслықтың жийениниң бул жүрисине ишқыста. Бундай дәрўанлы күнлериниң сырын оның менен бир күн жүргеннен кейин билди. Күн даўамында бир таксиде объектлерди бирге айланды, аўқатланыўға барды. Ал кеште Баҳадыр үйиниң жанында түсип баратырып, мына таксиде күн даўамында жүрдик, шофёрдың сораганын бер, деп кетип қалды. Күн

[65] Бекмуратов Б. Меннен де бетер. «Еркин Қарақалпақстан». 11-июнь 2009. №70.
[66] Бекмуратов. Түңилиў. «Еркин Қарақалпақстан». 26-май 2009. №63.

даўамындағы «бахытлы дәўран»ның пулын Лепесбай қалтасынан төледи. Лепесбайдың ишқысталығы түңилиўи менен алмасты. Автор бул жағдайды төмендегише баянлайды.

«Келеси күни баслықтың жийени Лепесбайдың цехында бирге ислесетуғын Әзиз «Фаворит» такси менен және бир жақларға қыдыртып баратырғанын көрди.

Бирақ, енди Лепесбай бурынғыдай ишқыста, қызғаншақлық етпеди, қайта түңилди. Себеби, Баҳадырдың бүгинги қыдыратуғы такси пулын Әзиздиң төлейтуғынлығын биледи».

Б.Бекмуратовтың жазыў стилине тән нәрсе сонда, ол ўақыяны баянлаў жуўмағында шығармасына тема шығарады. Бул тапқырлық. Өйткени, оқыўшы теманы оқып қызығыўшылық оянары сөзсиз. Ал ақырына шекем оқып болып автордың тапқырлығын мақуллайды. Гүрриң бир ўақыяға қурылған болса да, онда тәрбиялық мотив бар. Газета бундай киши жанр үлгилеринде орын бериў арқалы өзиниң тәсиршеңлик функциясын орынлайды

Б.Бекмуратовтың «Кәрийма кемпирдиң келини» атлы гүрриңи де «Аўыл әңгимелери» рубрикасында орын алған. Онда сөз етилетуғын ўақыя социаллық машқала деп ойлаймыз. Себеби, тамырды жаңалайық деп Кәрийма кемпир өзиниң жийен қызын келин етип түсирген. Оның үстине ол күтә жас. Бул аўҳалды автор былайынша сүўретлейди.

«Таза түскен келин де анда-санда көринип, дастурханға бир нәрселерди алып келип жүр.

Арадан он-он бес минуттай ўақыт өткеннен соң асхана тәрептен тазадан түскен келинниң Кәрийма кемпирди апалап шақырған даўысы естилди.

- Апа, ҳә апа, апа деймен.

Кәрийма кемпир де орнынан түргелип асхана тәрепке баратырып:
- Ҳә не болды? – деди.

Таза түскен келини оған қарап турып: - апа, шай қойған шайнек ысылады ғой, шайды демлеп әкеле берейин бе? –деди. Келинниң бул қылығынан қысынған Кәрийма кемпир, келинин асханаға жетеклеп кирди де есигин жапты.

Ал бизлер Мырзабай екеўимиз қайтыўға асықтық».[67]

Шай қайнатып демлеўди де келистире алмайтуғын келин артында жәмийетлик турмысымыздың ең аўыр машқаласы көтерилген. Гүрриң жеңил күлкиге қурылғаны менен оның артында зил ҳәм аўыр салмақ жәмийетке шөгип тур. Киши жанрдың мине усындай үлкен машқаланы ортаға таслайтуғын оперативлик хызмети газета оқыўшыларының ўақыяларға сын көз бенен қараўға, жуўапкершиликли болыўға шақырады.

Келин түсириў әлбетте, қуўаныш, мәртебе. Лекин, оның артында жуўапкершилик те бар. Шаңарақ өз-өзинен дүзилмейди. «Үйлениў аңсат, үй болыў қыйын»деген халық нақылының бийкарға айтылмағанын автор тәкрар ҳәм тәкрар түсиндириўге урынады. Ол «қайтыўға асыққаны» менен гүрриңди тамамласа да оның даўамы бар.

Журналист Е.Ермановтың «Изин ойламасаң» атлы сатирасында елден узақта қол ушы талап излеп кетип елге қайта алмай атырған журтласларымыз тәғдири сөз етиледи.

Ал, Б.Тилеўмуратовтың «Жол ҳақы 300 сум» атлы сын мақаласында пайтахтымыздағы транспорт хызмети саласының машқалалары өз сәўлелендириўин тапқан. Күнниң машқаласын

---

[67] Бекмуратов Б. Карийма кемпирдиң келини. «Еркин Қарақалпақстан». 21-март 2009. №35.

ашыўда журналистлик изертлеў жүргизилгени теманың жаңалығы есапланады.

Ҳәр қандай шынлықты шығармаға киргизиў мүмкин. Ал оның тәсиршеңлигине ерисиў ушын юмор ҳәм сатира ең тийкарғы қурал болып табылады.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында орын алған көркем публицистикалық жанрдағы шығармалар күнниң темасына арналғаны менен актуал. Ҳәр бир машқала терең үйренилип, фактлери изертленип, дәлилленип, агрументлестирилип, көркемлик дәрежеси көтерилип, әне соннан кейин оқыўшылар қәўимине усынылады. Сонлықтан, газетадағы көркемлик дәрежеси жоқары. Бул жағдай журналистлердиң искерлиги, излениўшилигинен дерек береди.

Сатиралық публицистика газетада турақлы рубрикаларына ийе. Газета тек жаңалық жеткериўши ғана емес, тәрбия ошағы да. Оның тәрбиялық хызметин көркем публицистикалық, сатиралық публицистика атқармақта. Бүгинги баспасөз, шын мәнисинде, актуал темаға қурылған, күнниң машқаласын сөз етиўши, халықтың кеўлиндеги гәпин айта алыўшы оқыўшының досты дәрежесине көтериледи. Бул жетискенлик биринши нәўбетте дөретиўшилик жәмәәттиң излениўшилиги деп түсинемиз.

# Жуўмақлаў

Жәмийетлик раўажланыў бағдарында баспа сөз оның айнасы болып есапланады. Биз үйренген «Еркин Қарақалпақстан» газетасы тематикалық ҳәм жанрлық жақтан өсип жетилисти. Әсиресе, анализ объектимиз болған 2006-2010-жылларда газета шын мәнисинде дәуир жылнамасына айланды.

Магистрлик диссертация жумысымызда газетада орын алған көркем публицистикалық жанрлардың раўажланыў бағдарларын үйрендик. Ғәрезсизликке ерискеннен соң газетаның идеялық-тематикалық бағдары улыўма инсаный мәселелерге қаратылды. Әсиресе, көркем публицистикалық жанрлар ҳаққында сөз ететуғын болсақ, бул бағдарда сезилерли дәрежеде унамлы ислер әмелге асырылмақта.

Әсиресе, соңғы жылларда жәрияланып атырған очерклердиң саны әдеўир азайды, фельетон, памфлет жанрлары жетерли көринбеди. Бул жағдайды төмендегише түсиндириў мүмкин. 1) Газета жанрлары журналистлердиң изленислери нәтийжесинде синтезленди. Мақалаларда сүўретлемелик белгилер, очерклерде аргумент ҳәм дәлиллер мақала аналитикалық мақала үлгилери өз сәўлелениўин тапты. Информациялық жанр есапланған репортаж ҳәм интервью туўрыдан-туўры очерклердиң тийкарынан келди.

Газета – биринши гезекте дөретиўшилик мектеп онда тәжирийбели журналистлер өсип жетилисти. Олар түрли тараўлар бойынша түрли жанрларда өзлериниң дөретиўшилигин жетилистирип келмекте.

Магистрлик диссертация жумысымызды көркем-публицистикалық жанрларды Бирме-бир бөлип изертледик. Енди оларға теориялық анықламалар берип жуўмақ жасаўға ҳәрекет етемиз.

Газета публицистикасында жанрлардың қурамаласыўына текстлерде түсиник ҳәм анализдиң ролиниң артыўы ҳәм образлық сүўретлеў қуралларынан пайдаланыўға умтылыўшылық себеп болды. Көркем – публицистикалық жанрлардың үлкен бир топарын сүўретлеме, очерк ҳәм сатиралық жанрлар- фельетон, памфлет, пародия, сатиралық мағлыўмат ҳәм эсселер қурайды. Олардың көркем публицистикалық деп аталыўының себеби автор бул жанрларды дөреткенде қатал ҳүжжетлилик, фактлерди сүўретлеўши публицист болады; Соның менен бирге ол турмыс шынлығын сәўлелендириўши әдебий дөретиўшиликке тән болған усыллардан пайдаланады.

Сүўретлеме. Бул жанрдың көпшилик белгилери репортаж ҳәм очерклерге уқсас болады. Бирақ, жанрдың тийкарғы ўазыйпасы автордың басқа инсан, ҳайўанатлар, тәбият ҳәдийселери менен ушырасыўын сәўлелендириў болып табылады. Сәўлелендириў предмети – ушырасыў қатнасыўшылары ҳәм сол ушырасыў ҳалаты. Сүўретлемеде ҳәмме ўақыт еки тәреп – автордың өзи ҳәм оның ушырасқан объекти сүўретленеди. Тийкарғы сәўлелендириў методы – сыпатлама, сол пайыттың майда-шүйдесине дейин сыпатлап бериў. Автор өзи ушырасыў халатының картинасын қайта жанландырады. Репортаждан өзгешелиги сүўретлеме бир мәўритте, көзди ашып жумғанша, яғный автор қатнасқан көринис кеңлик ҳәм ўақыт өлшеминде шекленген. Репортер сыяқлы сүўретлеме авторы оқыўшының сол ўақыя өзи қатнасып атырғандай сезиниўине ерисиўи тийис. Сүўретлемениң стилине де ушырасыў объектиниң портретин шебер ҳәм анық реңлерде сүўретлеўге умтылыўшылық тән.

Очерк – публицистиканың ең керекли жанрларының бири, керекли деп аталыўының себеби – ол автордан жоқары, профессионаллық шеберликти талап етеди. Сонлықтан очеркши ҳәмме ўақыт жанр талабына муўапық ең қурамалы мәселелерди шешеди.

Журналист тәрепинен бул жанрдың таңланыўы – жанрдың инсанды қоршап турған орталықтағы барлық ҳәдийсе ҳәм ўақыяларды көрсетиў ҳәм хабарлаў ўазыйпасына байланыслы белгиленеди. Очерктиң объекти инсанды қызықтырған барлық нәрселер – инсанлардың өз-ара ҳәм тәбият пенен болған мүнәсибетлери, инсанның дөретиўшилик ҳәм мийнет искерлиги машқалалары тағы басқа ҳәдийселер усы топарға киреди. Егер биз репортажды ҳәдийсе ҳәм ўақыялар тарийхы деп атасақ очеркти инсан характериниң тарийхы деп атаўымыз мүмкин. Очерк орайында оның қаҳарманы ямаса қаҳарманлары турады.

Очерк авторы өз қаҳарманының сыртқы көринисинен баслап оның ишки руўхый дүньясын, минез-қулқын оның әтирапындағыларға болған мүнәсибетин изертлеў арқалы оның инсаныйлық портретин жаратады. Оны өз қаҳарманының өмириниң ҳәр түрли тәреплери, шақырағы, жумыстан бос ўақытлары, дослары, жәмәәти менен мүнәсибетлери сыяқлы жағдайлар қызықтырады. Әлбетте, ол буларды толық сәўлелендириў ушын ең майда деталларға дейин дыққат аўдарыўды талап етеди. Очерк инсанның өмир баянын сәўлелендириўши анкета емес. Автор өз қаҳарманының өмириниң ең зәрүр басқышларын, оның дыққатына ылайық ислерин таңлап сүўретлейди. Очерктиң сюжети ҳәм композициясы усы тийкарда қурылады. Журналист гейде өз қаҳарманы өмириниң дыққатқа ылайық бир басқышын ғана очерк объектине алыўы мүмкин.

Сүўретлеме жанрындағы сыяқлы очерктиң де еки тәрепи болады. Олардың биринши - бас қаҳарман, екинши - қаҳарманның барлық ҳәрекетлерин анықлап баҳалаўшы ҳәм оны оқыўшы нәзерине усыныўшы автор. Гейде автор оқыўшыға тиккелей мүрәжәт етип көрген нәрселери ҳаққында оның менен пикирлеседи. Бул жерде оқыўшының пикири қаҳарманның баянламасынан кем емес дәрежеде мәни аңлатады. Очерктиң еркин, образлы стили репортаж, сүўретлеме жанрларына, усы жанрлардағы оқыўшының қаҳарманның қасында турғандай етип сүўретлеў эффектиниң бар екенлиги менен уқсас.

Журналист өз очерки ушын мағлыўмат топлаўда мүмкиншилиги бар болған барлық методлардан пайдаланады. Ол репортёр сыяқлы оның дослары, шақарақ ағзалары басшылары менен сәўбетлесиўлер алып барады, бақлаўшы сыяқлы қаҳарманы дус келген машқалалар бойынша пикир жүритип, олардың шешими ҳаққында өз усынысларын баянлайды. Гейде автор қаҳарманға тийисли болған мийнет дәптершеси, оның хызмет орнынан алынған буйрықлар сыяқлы ҳүжжетлер менен танысыў керек болады.

Очерк авторы публицист сыпатында фактлерден узақласпай тексттиң қатаң ҳүжжетлигин сақлаўы керек. Оның бул жанр көлеминде жол қойған ең үлкен еркинлиги анаў ямаса мынаў жағдайда мениң қаҳарманым не қылған болар еди деген шамалаўдан ары өтпеўи керек. Деген менен очеркке ойдан шығарыў жат нәрсе. Соның менен бир ўақытта очерк турмыс шынлығын сәўлелендириўде әдебий көркемлеў қуралларынан пайдалана алады. Журналист жазыўшының өз көркем, шығармасында әдебий образ дөреткендей публицистте публицистикалық образ дөретиўдей машақатлы

мәселени шешеди. Булардың екеўи де образ дөретиўде типиклестириў усылынан пайдаланады.

Айырмашылығы - жазыўшы образ дөретиўде яддан ойлап шығарып фантазияға сүйенсе, очерк авторы турмыста бар адамның образын дөретеди.

Газеталарда басылатуғын очерклердиң көпшилиги-**адресли очерклер.** Олардың қаҳарманлары арамызда жасап атырған адамлар, тек сийрек жағдайларда ғана газеталарда гүрриндерге усап кететуғын адрессиз очерклер басылады.

Журналист алдында турған ўазыйпаға қарай очерктин анаў ямаса мынаў түрин тацлайды. Очерклер арасында ец көп таралғаны-**портретли очерклер.** Бунда автор қандайда бир социаллық топар ағзасынысц ямаса белгили бир кәсип ийесиниц публицистикалық образын дөретеди. Усындай очерклердиң бир түри **сиясий очерк** болып, онда қаҳарманның сиясий өмириниң ең әҳмийетли басқышлары сөз етиледи. Очерктиң қаҳарманлары әдетте президентлер, депутатлар, ҳәкимлер болыўы мүмкин. Усы тақлеттеги сиясий портретлер әсиресе, сайлаў алдынан газеталарда кең жәрияланады.

**Проблемалық очерк** авторы алдына басқаша ўазыйпа қойылады. Оның тийкарғы дыққаты очерк қаҳарманы алдына қойылған мәселе, оның шешими ҳәм жәмийетлик әҳмийетине қаратылған болады. Бундай очерклерде изертленип атырған мәселе, оның шешими ҳаққында автор позициясы көринип турады.

Сондай-ақ, публицистика ушын дәстүр болған очерк жанрларының бир түри саяхат мазмунындағы **жол очерклери.** Соцғы дәўирлерде мәмлекетлер, қалалар, аймақлар арасында өз-ара қатнасықлардың ен жайыўына байланыслы саяхатлық мазмундағы жол очерклери газета, журналларда көплеп басылмақта. Жол очерклер автор оқыўшыларға

саяхат даўамында көрген, еситкен ҳәдийсе, ўақыяларды, ушырасыўларды баян етеди. Ондай текстлерде ҳәр қыйлы аймақлардан алған тәсирлер тийкарында жүзеге келген эпизодлардыщ жыйындысы болады. Турмыстың анаў ямаса мынаў тараўына байланыслы оның бир неше тематикалық түрлери бар. Булардыщ қатарына ислеп шығарыўға арналған очерклер, аўыл хожалығы ҳаққында очерклер, педагогикалық очерклер, спорт очерклери, әдеп-икрамлылық темасына арналған очерклер ҳәм тағы басқалар.

# Пайдаланған әдебиятлар дизими

## I. Сиясий әдебиятлар

Ўзбекистон Республикасы Конститутцияси. Т., Ўзбекистон, 2003.

Өзбекстан Республикасының «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында» Нызамы.

2002-2010-жылларда компьютерлестириў ҳәм мәлимлеме коммуникация технологияларын раўажландырыў дәстүри.

«Журналист кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаў системасын жетилистириў ҳаққында» Өзбекстан Министрлер Кеңесиниң қарары. 1999-жыл 26-февраль «Хабар алыў еркинликлери ҳәм кепилликлери ҳаққында»

Өзбекстанда Республикасы Нызамы 1997-жыл 24-апрель Каримов И. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т.: Ўзбекистон. 1996.

Каримов И. Ўзбекистонда демократик ўзраишларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти асосларини шакллантиришининг асосий йўналишлари. Т.: Ўзбекистон. 2002. Каримов И. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлкатни модернизация ва ислох этишдир. Т.: Ўзбекистон. 2005.

Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч Т.: «Маънавият». 2008.

Каримов И. Елимизде демократиялық рефомаларды буннан былай да тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 2010-жыл 14-ноябрь

Ўзбекистон Республикасининг «Журналистлик фаолиятини ҳимоя қилиш туғрисидаги» Қонуни. Тўртинчи ҳокимият. Т.: Меҳнат. 2003.

Ўзбекистон Республикасининг «Ахборотлаштириш туғрисида»ги Қонуни. «Халқ сўзи», 2004. 11-февраль

## Теориялық әдебиятлар

Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. 1987.

Тоғаев О. Ибратли сабақлар. Тошкент «Фан». 1987.

Аврамов Д.С. Профессиональная этика журналиста учеб.пособ. М., Изд-во Моск. университета, 2003.

Мелибаев А., Нестеренко Ф.П., Эрназаров К.Т., Маматова Я.М., Коробкин Д.Ф. Труд журналиста: профессинализм, творчество, мастерство. Ташкент. 2002.

Ворошилов В.В. Журналистика. Учебник СПб. Изд. Мийхалова. 1999.

Девид Рэндалл. Универсальный журналист. Алматы 1996.

Эрназаров Қ ва бошқ. Репортерлик фаолиятининг назарияси ва амалиети. Ўқув қўлланма. Т.: ЎзМУ. 2002.

Горохов В.М. Основы журналисткого мастерства. М., Высшая школа. 1989.

Тертычный А. Жанры аналитической журналистики М., Пресс. 2003.

Тоғаев О. Публицистика жанрлари. Т.: Ўқитувчи. 1976.

Мўминов Ф. Журналистика ижтимоий институт сифатида. Т.: Университет. 1998.

Бекбўлиев Д. Мен редакциядан. Н., «Қарақалпақстан» 1984.

Уснатдинов Ш. Журналистикага кирисиў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2008.

Қожықбаева З. Қарақалпақ публицистикасында суд очерклери. Нөкис, «Қарақалпақстан» 2009.

Жумамуратова М. «Журналистика ҳәм әдебият». Н., «Қарақалпақстан» 1994

Палўанов Б. Журналистика ҳәм әдебият. Нөкис, ҚМУ. 2005.

Досымбетов Г., Юсупов О. Қарақалпақстан баспасөзи. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1991.

Ҳамдамов Ю. Замон ва мезон. Т.: Ўзбекистон. 1991.

Мадреймов Т. Ҳәр заттың өз аты бар. Нөкис, Билим. 1994.

Ворошилов В.В. Журналистика. Учебник. СПБ. 1999.

Мадреймов Т. Ҳәр заттың өз аты бар. Нөкис, 1997.

Мелибоев Э., Нестеренко Ф.П., Эрназаров К.Т., Маматова Я.М., Корбкин Д.Ф. Труд журналиста: профессинализм, творчество, мастерство. Ташкент. 2002

Мўминов Ф. Журналисткое расследование. –Т. «Университет», 2002. Т.1.

Максеенко М.И. Ежедневная печат: амереканский опыт конца ХХ столетия. 1995-2000 гг. – М., Издательство: Московского Университета, 2003.

Тертычный А.А. Основы периодической печати. –М. 2001.

Тогаев О. Публицистика жанрлари. – Т. «Ўқитувчи» 1989

Ученова З.В. Методы и жанры. Диалектика взаимодействие. Москва, 1982.

Уснатдинов Ш. Журналистикага кирисиў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2008.

Ҳамдамов Ю. Замон ва мезон. Т.: Ўзбекистон. 1991

Рэндалл Д. Универсальный журналист. Алматы 1997.

## Диссертациялар, авторефератлар:

Абдимуратов А. Публицистики Тулепберген Каипбергенова: Специфика, тематика, жанрово-стилистические филолог. наук. – Т. 1997.

Кожикбаева З.А. Художественный очерк в современной каракалпакской литературе: Диссертация кандидат филолог.наук. – Нукус, 1998.

Киричев П.Н. Социология публицистики в контексте региональной политики. АДД. –Москва, 1997.

Короченский А.П. Медиакритика в теории и практике журналистики. Автореферат докторской диссертации. –С-П, 2003.

## Интернет материаллары:

Апджон Р., Раферин Х., Интернет и журналистика. Источник: http: www.medianews.narod. ru/lavka.htm

Волек Т. Журналисткая этика, 2002. Издательство: Институт развития прессы / Северо-Запад. Редактор: Г.П.Голик Перевод с английского: А.В.Елисеева. Источник: http:// www.pdi.ru/library/main.xtz.